2.2024

# МагIарулай



ISSN 0132-9723



И. Хумаев. Буду солдатом. Сер. Память кп-8148 г-1482 DSCF0026

РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ

# СУАЛАЛ ГIЕМЕР РУГО…



Пачалихъалъул Президент В.В. Путиница лъазабураб Хъизаналъул сон Дагъистаналда байбихьана рагIизего рокьиларел лъугьа-бахъиназдалъун. Эбел-наркоманкаялъ жиндирго яс гьеб квешаб ишалде гъорлъе цIай, цо гIолохъанчияс цогияв чIвай, тIубараб руккел тIаде лъугьун, школлъималаз жидерго классцояв вухи… ва гьел гурел цогидалги нилъго нечарал лъугьа-бахъиназ дунялалдаго цIар рагIана республикаялъул. Кутакалда квеш бугилан, жамгIиял гьундуздасан заралги хьвагIун, нуцIа къан тезе бегьулел лъугьа-бахъинал гуро гьел. Гьелъул гIаксалда, нилъ лъугьине ккола нухал ралагьизе. Эбел-эмен – тарбиячагIи гурел, спонсораллъун лъугьараб, школалъ – лъайкьей гуреб, жидедаго тIад къараб хъулухъ тIубазабулеб нилъер заманаялъ, кин гьел нухал ратилелаги захIматаб суал буго.

Гьаб Хъизаналъул соналъ нилъеца цIакъго кIудияб кIвар кьезе ккола инсанасул рухIияб рахъалде, гIун бачIунеб гIелалъул тарбиялде кьезе ккола кIвар, гьеб рахъ аслияблъун бихьизе ккола нилъеда. Хъизаналъул сон кIодо гьабулел ругилан, пайдаго гьечIел тадбиразул рахсал гьаричIого, чIванкъотIун, щибаб хъизаналда ругел кIвар бугел суалал рорхизе ва нухал ратизе заман щун буго нилъее. Гьел суалал, жамгIиял гьундузда гурелги, кIудиял залазда, жавабал кьун бажарулел, гIакъилал, къиматал, къадруял, гIолохъанаб гIелалъ мугъчIвай гьабулел, гьезул божилъи бугел чагIиги ахIун щай рорхизе бегьуларел? Гуронани, щибха кколеб бугеб? ГIодобе къулун бетIергун, тIаса лъугьайилан дов нилъ дунялалдаго сурizавурав чияс абурабго, кинабго кIочонеб буго нилъеда. Киналго тIаде лъугьун, классалъ вухарав васасул рекIелъ лъураб ругъуналда щиб гьабилеб, гьесул ритIухълъиялда божилъиялда щиб гьабилеб? ТакъсирчагIазе букIине кколеб тамихI гьабулеб гьечIони, нахъойги гьелго суалазде тIад руссине ккечIого рукIине, нилъеца щиб гьабилеб?

Суалал гIемер руго, жаваб цо буго – кутакалда кIудияб хIалтIи гьабизе ккола, хасго пачалихъалъул даражаялда, нилъер гIадамазул къуват, гуч, жигар, жан, нухда батанщинаб гъуризе, чIвазе гуреб, лъикIаб рахъалде буссинабизе, гьел жидерго ва чияр ихтиярал лъалеллъун ва гьел цIунулеллъун лъугьинаризе.

Дагъистан буго цо гъункараб, кIудияб хъизан! БитIараб буго, нилъер кIудияб, гIемермиллатазулаб хъизаналда руго кIвар кьезе кколел суалал, проблемаби. Гьел тамихIалдалъун гурелги, рокьиялдалъун, недегьлъиялдалъун, хIеренлъиялдалъунги нухда рачине бегьула, кидаго нилъер умумузул букIараб гIадин. Дир кIодоэбелалъ абулаан, хъизаналда бищунго квешав бищунго цIакъ вокьизе кколилан ва рокьудалъун бегьулин гьев витIизавизе. Гьединго немцазул психолог Берт Хеллингерицаги хъвалеб буго: «Хъизаналъул букIуна гIаммаб ирсилаб, тухумалъулаб рухI. Цояв, квешав вугилан, тухумалъ къватIиве тункани, гьеб тухумалда цоги гьединавго чи гьавула», – ян. Дир кIодоэбелалъ Хеллингерги цIалун вукIинчIо, амма гьединалго пикраби загьир гьарулаан.

Гьелъги бихьулеб буго нилъ цого чагIи рукIин…

**Хамис ШАМИЛОВА**

## НОМЕРАЛДА ЦIАЛЕ:



ЦIУНЕ, БЕТIЕРГЬАН, НИЖЕР ВАСАЛ!.........................................8

Бокьарай чIужугIаданалда бичIчIила кин ракI хIинкъулебали тохлъукье нуцIида кIутIидалги, телефоналъул гьаракь рагIидалги… Гьанже сабуралда парахатго бицунеб буго гьелъ, тIоцебесеб къоялдаса нахъе рагъул коронив, тIоцебесеб кьерда вугев васас, жив бронхитгун госпиталалда вугилан, гьездаса кинабго бахчараб куц. Гьоркьо-гьоркьор смс хъван гурони, бухьен гьечIолъиги, госпиталь рохьоб букIиналъ бугилан абулаан гьес эбел-инсуда.



ДУДА МАГIАРУХЪ ГАМУЩ БИХЬАРАБИЩ?................32

ГIадада ун вукIун вуго мун магIарухъе. Дур бакI гуро доб. Дур бакI буго гьаниб, ганцаздаги хъазаздаги аскIоб. Гьединлъидал, мун мугIрузда гIумру тIамулел бисазеги, цIумазеги, гIадамазеги къимат кьезе лъугьунге, – йилан абула гьесда Халилица. Щирин вуцIцIун чIола. КIудада цIакъ разилъула магIарулал гIодорегIан гьаризе лъугьарасе гьудулас кьураб гIакъилаб жавабалдаса.



ГЬЕБ БУКIАНА БИЩУН БЕЦIАБ СОРДО……..................................................26

– Дун йорчIана кьвагьулеб яргъил гьаркьихъе. Васги ворчIизавун, къватIие яхъана. Сверухълъиго цIун букIана яргъидгIуцIаралхъачагъазул. ГIадатял гIадамал районалдаса къватIире риччазе «коридор» кьун букIана. Гулби рукIана ботIродасан роржанхъилел. Нижеда якъинго бичIчIана хъачагъаз росу сверун ккун букIин. Бухьеналъул гарацI бугеб бакIалда аскIосан унаго дида ракIалде ккана ток кьолеб генераторги аккумуляторги свинабун лъикIилан.



ДИР РЕКIЕЛЪ БУГО ПАЛЕСТИНА…… ................. ..... 34

– Дунги дир хъизан-агълуги гIумру гьабун рукIана Сектор Гъазаялда. Заведующийлъун хIалтIулев вукIана Гъазаялъул Джабалъ больницаялъул травматологиялъул отделениялда. Бидулаб лъугьа-бахъин байбихьигун, лъукъаразул тIелал рачун рачIунел рукIана. Гьезул гIумру хвасар гьабулаго, дунгоги вукIана лъукъун. Гьедин дир хъизан ккана бидулаб Гъазаялъул бакъулъе.

# РАКIАЛЪ МАЛЪУХЪЕ ТIАМУНА ГIУМРУ



ГIажаибай, рекlее хинаб асар гьабулей чlужугlаданалъул хlакъалъулъ свак гьечlого бицине бегьула. Гьей ккола 40 ялдаса цlикlкlун соназ гlумру гьабун Санкт-Петербургалда чlарай, Хасавюрт районалдаса Акавова Аида ГIабдукъадировна. Севералъулаб тахшагьаралда Аида лъала цеетlурай предприниматель хlисабалда. Гьей йиго «Аида ункъачухъ» (У тёти Аиды) абураб рестроналъул хважаин. Шагьаралъул социалиял программаби церетlезариялъухъ Аида ГIабдулкъадировнаялъе кьуна «Знак ордена Доблести Георгиевского союза» абураб гlаламат. Жеги гьей ккола «Александра Невского», орденалъул, «Честь и мужество» къиматаб гlаламаталъул «Халкъалда гьоркьоб рекъел щулалъизабиялъе» (За укрепление межнационального мира и согласия) медалалъул кавалер. Аидаца гlахьаллъи гьабуна «Социальная ответственность бизнеса» абураб конкурсалдаги. Гьениб Аидае кьуна «2017 соналъул чlужугlадан» (женщина года 2017) абураб къиматаб цlар.

Жиндирго гьитlинаб Ватlаналде щварай Аидагун ниж дандчlвана.

**– Аида ГIабдулкьадировна, лъазе бокьилаан кинаб кьисматалъ мун ячарай ВатIаналдаса гьедигIан рикIкIад?**

– Буйнакскиялъул медучилищеги лъугIизабун дун ячIана Хасавюрт больницаялъул кардиологиялде медсестралъун хIалтIизе. Нижехъе бищун гIемер вачIунаан Байрамаулалдаса, хадув дир вакьадлъунги лъугьарав, Акавов Хангерей. Дие гьанже захIмат буго бичIчIизе, щиб берцин бихьун гьесие дун рекIее гIурай ва жиндирго цояв вас РахIимгун лъай -хъвай гьабурабали? Гьесул щуго вас вуго. Заманго иналде нижехъе щвана дун гьаризе гьалбал ва кватIичIого гьабуна нижее бертин. Гьеле гьедин дандчIвана дида дир гIумрудул гьудул.

РахIим цIалулев вукIана Ленинградалъул архитектуриялъул институталда, гьединлъидал ниж гочана Неваялъул рагIалде. Гьеб букIана I98I сон. МахIачхъалалда ДГПИ ялъул химикиябгун биологияб факультеталда цIалулей йикIарай дица перевод гьабуна Ленинградалъул А. Герценил цIаралда бугеб институталде.

Киданиги кIочонаро дица дипломияб хIалтIи кьезе ккараб къо. Гьеб заманалде нижер рукIана лъабго лъимер. РахIим вукIана хIалтIуда, институталде ине кколей йикIана хехго, лъимал жалго тезе кинго кIолеб букIинчIо. Дир пикрабалъе тохлъукьего бачIана гьитIинаб лъимерлъи. Нижер хъизам букIана Аджимажаюрт абулеб росулъ. Дие букIана лъабго сон, инсуца къвал цIураб наккуги цо рокъобе жанибе чIарбиде бан , гьенир нижги рахан, эбел - эмен ана хIалтIуде. Гьеб заманалъ щиб дир ботIролъ букIараб лъаларо, дица дирго кодой йикIарай чIартил ясикIо цIаги бакун наккуялде тIаде рехана. РекIана цIа. Рукъ букIана кIкIуйдул цIуна. Нижее цIазе хIухьел хутIун букIинчIо. Кумекалъе рекерун щвараб мадугьаллъи букIинчIебани, ахир кинаб букIарабали цебе чIезабизе захIмат букIинчIо. БетIергьан Аллагь нижедаги эбел-инсудаги гурхIана. Гьеб гIумрудул дарс кидаго дир рекIелъ хутIана ва щибаб тIамураб галул жаваб кьезе кколеблъи бичIчIана.

Хъизамалда дун кколаан бищун кIудияй. Дие кьолеб рокьиги букIана кидаго гIемераб. Дида эбел-инсуца малъана цогидазул тIалабалъул ва кумекалъул квер кидаго рагьараб букIине кколеблъи.

Дипломияб хIалтIи дица, нухалги ратун, кьуна, цIцIикIкIараб къиматги щвана. Аспирантураялде лъугьине рес бугилангицин абуна. КигIан гьений цIализе анищ букIаниги, дица тIаса бищана хъизан ва лъимал…

**– Мун кин гьесарай жамгIияб ва гурхIел-рахIмуялъул хIалтIи нухда бачине?**

– Гьеб букIана араб гIасруялъул 80-абилел соназул ахир, 90 соназул авал. Нижго бетIергьанаб рукъ щвезе бугеб хьулалъ, РахIимги дунги хIалтIизе лъугьана шагьаральул Адмиралтейскияб районалъул цо жилконтораялде, дун кураторлъун, бетIергьанчи – къватIал лъухьулев чилъун. РахIимица рукъги балагьун, гьениб нижеца гIуцIцIана бича-хисиялъул кооператив, цIарги кьуна «Талисман» абун. Хадуб гьеб сверана Петербургалда лъикI цIар рагIараб "Аида ункьачухъ" рестор采налде. Нижеда рихьарал захIмалъабазул бицун пайда гьечIо, гьелги нижеца нахъа тана.

Доб мехалъ бихьизабулеб букIана "Бандитский Петербург" абураб сериал, нижги балагьулаан гьеб нижерго гIумруялъухъ. Тукаби чIорого рукIана. Гьалмагъгун цадахъ Украиналдеги ун, РахIимица колбасаялъул кIудияб партия бачIана. Дица гьезда гьарана кIиго къвачIа колбасаялъул. Бокьун букIана данде ракIарун нижерго районалда ругел Ленинградалъул рагъул блокадаялъул ветераналгун, гьезие кванил нигIматал сайигъат гьаризе. Дир мурад тIубана гьез. Гьеб букIана дир жамгIияб ва гурхIел-рахIмуялъул хIалтIулъ тIоцебесеб гали. Доб мехалъги, батIалъи гьечIо, гьанжеги, дица гьираялда гьабула цогидазе кумек ва лъикIлъи. Дир кIудияй эбелалъ кидаго абулаан : "Киданиги бицунге дуца гьабураб кумекалъул. Гьеб дуе БетIергьанас дудасан цогидазе кумек щвезе кьураб рес буго. Гьелдаса мун гIамал кIодолъун лъугьине бегьуларо", - ян.

– Ругищ дур гIумрудулъ дуе гIакълу кьолел, дуе гIенеккизе бокьулел чагIи?

– Дир тIоцеесей учительница Бажив ГIалиевна. Дица рекIелъ цIунун буго гьелъул хIеренлъиги гьелъул гIакълуги. ГIатIидаб ракIалъул Бажив ГIалиевналъ малъана нижеда берцинлъи бихьизеги ритIухълъи балагьизеги.

**– СанагIалъи гьечIеб суал кьунилан гIайибги гьабуге, бугищ дур рекIелъ лъидениги жахIда, бахиллъи?**

– Петербургалда ункъо соналъ цебе, машинаги тункун, къадаралде щвана дир яц Загьидат. Гьеб нижер хъизамалъе цIакъ захIмалъана. Гьей дир яцалъул букIана цIакъ берцинаб гIамал. Жийго къварид гьаюраздаса тIасаги лъугьунаан гьей хехго. Бальго гьабун щай, дида гьедин кIоларо… Гьей яцалъул гIамалалда бахиллъулаан дун кидаго.

**– Дунялалъул кинаб бокIон дуда бищунго гIемер ракIалде щолеб?**

– Дунги, ясги, росги рукIана курорталда, хIухьбахизе ун. Гьений дун квешго унтана. ЗахIматго цIалеб букIана хIухьел. Бидулъе тIинкIулеб даруялде балагьун, дица къо лъикI гьабулеб букIана гIагарлъигун, дие хириял, дида сверухъ ругелгун. Гьеб мехалъ дун пикрабалъ Аллагьасдехун юссана: «Дир араб гIумруялдаса дун разияй йиго. Рази йиго дун чIужу йикIиналдаса, эбеллъун яхъиналдаса, кIодоэбел лъугьиналдаса. Рази йиго гIумрудулъ дирго чIел батиялдаса. Дидасан лъие бугониги кумек щвеялдаса рази йиго. Лъимал хIетIалде рахъинарун, битIараб нухде ккеялда рази йиго. Дида бажарараб, кIваралдаса рази йиго. Нагагьльун, жеги дир кумек хIажатав щивниги ватани, дие бокьилаан гIумру гьабизе. Гурин абуни…гьелдаги рази йиго, гьеб буго дир къисмат», – илан.

Дир сахлъи дагьабго лъикIлъарабго, дирги росасулги хIежалде ине къасд ккана. Аллагьасе рецц – нижер мурад тIубана. ХIеж тIубан тIад руссаралго, дица гIагарлъиги бакIарун абуна: «ГьанжелъизегIан

дица гьабунщинаб букIана нужее гIоло. Гьанжеялдаса нахъе дир ракIалъе бокьухъе гIумру бачине те дун», – илан. Гьедин, жеги кIудияб гьирагун байбихьана дица гурхIел-рахIмуялъул хIалтIи цебе бачине ва бажарарав щинасе кумек гьабизе..

Дун гIемер щола дирго ВатIаналде, рихьула ракьцоязул ругел къваригIелал. КIвараб кумек гьезие гьабизе дица хIаракат бахъула. Амма аслияб, жеги тIубачIеб мурадлъун буго дир гIагараб, дунго жаний гIураб Аджимажаюрт росулъ цIияб школа бай. Дир кIиабилеб рукълъун лъугьараб Байрамаулалдаги бокьун буго цIияб школа базе. БакIалъул ва республикаялъул нухмалъулезул кумекалдалъун, гьел росабалъ цIиял школазде хьвадизе ругин цIалдохъабийилан абураб анищ жеги буго дир рекIелъ.

**– Россиялда гьаб сон лъазабун буго хъизаналъул сонлъун. Хъизаналъул талихIльун щиб дуца рикIкIунеб?**

– Дир руго лъикIал лъимал, гьайбатал лъималазул лъимал. ГIумруялъго мугъчIвалев, лъикIабги квешабги цадахъ бачарав дир бетIергьанчи. Нижер цоцалъ буго гьуинлъи, рокьи, цоцаздехун адаб. КъваригIараб мехалъ цоцахъе бегьулеб, рагьараб квер буго киназулго. Гьеб гурищ талихI....

РахIимидаги дидаги лъаларо щиб кколеб цоцазе квешлъи гьаби, гукки, гьереси бици. ГIисси-бикьинал тунка-гIусиял гьечIого хьизан букIунаро. Амма ниж хеккого чучула. ХIаракат бахъула цоцаца къварид гьарунгутIизе ва барщун чIоларо. Нижеда гьоркьор кколел гьединал "рагьал" нижеца жанирго тола, лъиданиги лъазе толаро.

Дицаги РахIимицаги кидаялиго Северияб тахшагьаралдаги гьитIинаб ВатIаналдаги гьоркьоб лъуна кьо. КIудияб хьул буго нижер лъималаз ва лъималазул лъималаз гьеб кьо биххизе течIого, щулаго цIунилилан.

**– Аида Абдулкъадировна, дуца кучIдулги хъвалел рукIун руго. Гьел лъиде хъварал дуца? РакIалда бугищ тIоцебесеб дурго кIеч?**

– ТIоцебесеб кечI дица хъвана эбел нижедаса ятIалъидал. КIикъоялда анкьго сон гурони букIинчIо гьелъие. Дие цIакъ захIмат буго гьанже гьеб къварилъи загьир гьабизе. Цебе мех-мехалъ ракI унтулеб букIараб батани, эбел камиялъул бухIи абадиялъго хутIана рекIелъ. Гьеб мехалъ рагьана дилъ кучIдул хъвазе пагьму. Дица къватIибе биччараб тIехьалда гIемерисел кучIдул руго эбелалде хьварал.

Дирго гIагаразде, гьудулзабазде, рокьулел учительзабазде, Уллубий Буйнакскияс I00 сон тIубаялде хъвана, Берлиналъул Рейхстагалда Бергьенлъиялъул байрахъ чIварав нилъер ракьцояв, Россиялъул БахIарачи ГIабдулхIаким ИсмагIиловасде хъвана…

РакIалде щун букIаго бицун телин, дун ккола Санкт - Петербургалъул "Единая Россия" партиялъул член. Дица хIаракат бахъулеб буго североалъул тахшагьаралъул цо къватIалъе ГIабдулхаким ИсмагIиловасул цIар кьезе, гьенибго гьесие памятники лъезе.

**– Гьаб нилъер гара-чIвариялъул ахиралда щиб дуе бокьилаан журнал цIалулел дагъистаниязе гьаризе?**

– Нилъер буго гIакъилаб, сабру кIудияб халкъ. Дида ккола киналниги захIмалъаби нилъеца нахъа телин. Гьаб Хъизаналъул соналъ дица киназего гьарула ракълилаб гIумро ва парахалъи. Рокьи камугеги хъизаналда жаниб!

**Аида Акавова ккола Пачалихъияб Думаялъул Федералияб Собраниялъул 8 аб ахIиялъул депутат Сергей Анатольевич Соловьевасул кумекчIужу, "Дагъистаналъул халкъияй бахIарчIужу" цIаралье ва меседил цIваялъе мустIахIикъхъарай гIадан.**

**ГIалав ГIАЛИЕВ**



# Сулейманил жиндирго хIакъалъулъ хабар



*С. Стальский ва Э. Капиев*

Щибго гIайиб гьечIей дир къинай эбелги нахъе йитIун, инсуца ячун йиго цIияй лъади. Дун гьавун вуго имгIаласул гьоров. Инсуда бахъараб ццим дида бецIулеб эбелалъул гIагарлъиялъ, каранзул рахьцин щвечIеб лъимер, туртилъги жемун, рехун буго инсул кIалтIе. Гьедин къварид гьавиялдасан байбихьана дир гIумру. Хвараб лъимер гьабурай мадугьалалъ, таращиланги ахIулаго, хахун вуго каранда. Анкьго сон базегIан гьелъ гIезавуна дун. Цо пуланаб къоялъ мадугьалихъ азбаралда васандулев вас вихьидал, гьале гури дир василан, инсуца дун рокъове вачана. Щибго данде билълъинчIев, мискинав векьарухъанлъун вугев инсуца, вохуца холаго дитIе рехана кинабго хIалтIи. Гьабун батичIони, ахIи-хIуралъулги кутак букIунаан.

Инсул рукIана рукъ цIурал лъимал. Бесдал эбелалъ, гьезие камилилан, дидаса рахчулаан цIоросаролъул гIатIал гьарурал панкъалцин. Гьавуравго гIадин, гIезеги гIуна гьоров, ганцида аскIов. Лъимерлъиялъул щибго ракIалдещвейцин гьечIо, ракул махI тун батIияб. Цинги, эмен унтидал, цIакъго захIмат цIикIкIана. Щиб унти букIарабали лъаларо, амма къасиги къадги гьесул букIана, лъадахъ урхъараб гIадаб, чIалгIен. Мадар лъугьиндал бусадаса вахъарав инсул бетIер сверун бугоан. Къойил къватIаздаса ганчIалги рищун вачIунаан рокъове, гьаб хазина бугилан бахчулаан лъималаздаса. Дида цеве чIола циндаго хъахIлъарав ва тIогьилаб кьер рехарал беразул эмен. Гьев хвана чIинхил цIураб азбаралда, анлъго лъимерги лъадуда кодоб тун…

ГIайиб гьабуге, гьудулзаби, цониги мухIканаб къо-моцI дица рехсечIолъиялде. Доб заман гьединаб букIана. Сверухълъиялда кIиго чи гурони вукIинчIо цIализе лъалев – почалъул начальникги, шляпаги лъун хьвадулев старшинаги.

АнцIила лъабго сон барав чи вукIун ватила дун росу тун араб мехалда. Я хасел, я рии щвараблъи лъачIого, Дербенталда цо бечедав ягьудиясул рагIа-

ракьан гьечIел цIолбол ахазда хIалтIулаго, чуязул бокьазда, азбар бацIцIунаго, цIул бичIулаго ункъо сон ун батана.

Гьесие тIокIав хIалтIизе хIажалъичIев дун, цIидасан хутIана бетIер бегьизе бакIги гьечIого, чIорогоял чунтбигун къватIив. Нахъвуссине ккана росулъе. Ашагъа-СтIалалда рагьтIателал цIакъ гIемер рукIана, гьединлъидал мадугьалихъ къойил мухь кьолеб хIалтIи балагьун, бетIербахъиялда вукIана. Дун вукIана жеги гIолохъанго. ГIолохъанчиясе цIакъ гIодобегIанаб пишалъун букIана къойил хIалтIи гьарун мадугьалихъе хьвади.

ГIадамаца бицунеб рагIана цо кибалиго Гянжаялда ингилисазул ракьал ругила ракьулъа кьалбал рахъулел, гьенир хIалтIухъабиги хIажат ругилан. Гьеле гьенибе нух бахъана дицаги, гьалмагъзабигун цадахъ.

КIиго соналъ вакъунги, къечонги, бакъул унтуца кIвекIунги хIалтIана гьенив ва ахирги лъутана. Гьеб батана унго-унгояб туснахъ, хIалтIаралъухъ мухьги щвечIо, гIакдал бакьал гурони квен кьолареб ашбазалда налъигицин хутIана, бецIизе кколеб. Самаркандалде щвезегIан гьениса кин тIурараваливицин лъаларо. Гьениве щведал депоялда хIалтIизеги лъугьун, цо чанго сон бана. Цинги цо лъагIалица Сыр-Дарья гIоралдасан лъолеб кьо балеб бакIалда хIалтIана. ГIемераб жо бихьана ва лъана гьел соназ. Хасго бичIчIана мискинчиясул къисмат Сырь-Дарьялдаги Ашагъа-СтIаладаги – кибго цого къагIидаялъ къварилъиялда букIин. Ахирги умумузул хобал ругеб ВатIаналде ракI цIана. ГIарацги гIемер хутIун букIинчIо дихъ.

Нартил магIдан бахъулеб бакIалда хIалтIиги батун, Бакуялдаги бана цо-кIиго сон. Дагьа-макъаб гIарацги данде гьабизе кIун, хIисаб гьабидал, дун ватана михъмегежги тарав, лъеберилъе вахарав, херлъулев вугев чи. ГьанжегIаги хъизан-рукъ гьабизе ккела!

Гьеб букIана доб заманаялъ мискинчиясе цIакъ захIматаб иш. Амма, абизе бегьула, гIумруялда жаниб тIоцебесеб нухалъ дие талихI кьунилан. Росулъ ятана, эбел-эменги хварай, бесдалай, Орта-СтIалалъул рохьил хъаравуласул яс. Дагьалго шагьабазухъ лъуна дие гьелъул магьари, тIуванго росулъ чIезе ният дицаги гьабуна.

Унел рукIана сонал. Гьанже ракIалде щола гьезул захIмалъи ва къварилъи. КIиялго рекъон бана гьитIинабго бетIер бегьизе бакI. ГIорцIизегIан кваначIого, кьижичIого хIалтIулаан хурир. ЧIужуялъ нижерго хуриб хIалтIи гьабулаан. Дица чияр хурзал рецун босулаан мухь. Гьедин щуго соналъ, росу рагIалда, гIадамазда рельлъун тIобитIана гIумру. Амма гIадамал жидедаго рельлъунел рукIинчIо... Цо къоялъ къалъуда рокъове вачIунаго бихьана гIалам бакIарун. «Щиб ккараб? Хварав чи вугищ?» – ан гьикъарав дие жаваб кьолев чи ккечIо. Гьеб заманалда гIадамал цоцадаса рикIкIад чIолел рукIана. Мискинлъиялъ кверги ккун рокъореги нахъеги, цоязул хер бецизе, цогидазе рахъ бахъизе рачунел рукIана. «Щибха ккараб жо?» – ян гарагадилаго ракIа-рахариялде гIагарлъарав дида, жергъен кIутIун, бакъухъ анищ ккараб булбулалъул кечI ахIулел кочIохъаби ратана. Гьезие ралел рукIана пахьул ва гIарцул шагьаби. Бихъ-бихъараб ретIел ретIарал гьез, макьилъ гIадин, къанщун библгун ахIулеб букIана кечI.ГIадамазда гьоркьов эхетун, гIенеккун вугев дида ракIалде ккана: «Гьеб кинабго дирги рекIел хIал гурищ? ЧIая цо,чIая!» – ян.

– Султан, – ян абуна дица мадугьаласда, – дица къойил бицунаан дуда гьаз ахIулеб щинаб, щайдай дир ботIролъе цогIаги нухалъ кочIодалъун ахIизе пикру бачIинчIеб? Киналго дихъехун руссана.(Гьебго лахIзаталда кочIол гьаракьги къотIана.)

– Гьел рагIаби дир руго! – ян ахIана дица, гужгаталъул горбода бараб маргъалги рагьулаго, циндаго цIакъ багIарун бачIараб гIадин лъугьана.

– Киса дуе, пакъир, – ан жаваб кьуна дие. – Мун духъго валагье: дур къалазда данде кколел рагIабийищ гьал ругел, булбул! Мадугьалас гьединги абун, халкъго бельанхъана. Къо къалъараб мех букIана. Сордо бащалъараб мехгIаги букIарабаниян ккана дида.

– Я къуват бергьун, я сихIруялъ, я гIарцухъ гуро, рекIедасан бачIуна ахIулеб кечI. Гьаб дир ракI, нуж тIад рельанхъулеб, гьанал гуребищ – илан абуна дица. – Сунда нуж рельулел ругел, гIадамал?

Ничалъ кодов восарав дун рокьове щвана. – Булбулалъул кечI ахIизе бокьарасда кIола – ян шурана дица лъадиялде ва, жергъадул бакIалда тIагъурги кодоб ккун, гIумруялда жаниб тIоцебесеб нухалъ кечI гьабизе байбихьана

**...ТIугьдузухъ рокьи ккун бетIер свесараб,**
**Бихьуларищ, булбул, бугеб гIакъуба?**
**Ракьигун мискинлъи, захIмат-къварилъи**
**Угьдиги магIуги гIумрудул нухда…**

Гьал руго дир тIоцебесеб кочIол рагIаби, гьебго къоялъ дица гьабураб. Гьудулзабазе цIалидал, божичIо... – КибгIаги, Сулейман, дуда гьеб кечI рагIараб? Булбулазул хIакъалъулъ гIемерал кучIдул хьвана. Дурго гIумрудул хьвай. – Дир гIумруялда кочIолъ хьвалеб гIадаб лъикIаб жого букIинчIо. – Дуца тарщил хIакъалъулъ щай хьвалареб, яги гьадав старшинаясул хIакъалъулъ?

Хурив хIалтIулагоги гьарулаан дица кучIдул. Рокъове вачIунаго, нухда цIалулаан гьудулзабазе къоялъ гьарунщинал кочIол мухьал. Дидаго лъачIого, дир рагIаби росулъ такрарлъизе байбихьана. Дица ахIулароан гьел ва хъвалароан. РитIухъав чиясе захIматаб ва

рахIат гьечIеблъун батана дир цIияб пиша. ГIемераб къварилъи ва дагъаб рохел щолеблъун батана гьеб дие.

Цо нухалъ къулгIадухъ гIолохъабигун хIухьбахъиялда рукIана, гьалъул-долъул бицунел. АскIосан инев вукIарав росдал дибир, как базе къулгIадухъ чIана ва цинги, нижгун гар-чIварунги, нахъе инчIо. ЦIакъ ракI бакъвараб къо букIана дир гьеб: росулъа цо херав ахихъанасе, мекъаб диван къотIун букIана, васасул налъабазе гIоло. Гьев васгиха анкьалъ цеве бидулаца чIварав. Дица бегьухъе гьаракьги биччан ахIана гьеб лъугьа-бахъиналде гьабураб кечI. Дибирасда мекъи бихьана. Каранда гIансаги тункун, байбихьана диде ахIдезе, дуда кибила бихьараб ракъуца холел чагIаз ханзабазул диванчагIазде дагIба балеб? Мун бугила пайда гьечIеб рачI, хаду-хадуб букIине кколеб, цебе бугеб бетIералъ малъарабги гьабун. Аллагьасе реццила дуе гIоло ургъизе бетIер кьун бугеб. Яги дуда нахъаса цевехун унев чи вихьунищила вукIарав?

Гьел рагIаби хIунчана дида. КIанцIун тIаде вахъана.

– РачIалда гьадинал квералищ рукIунелиланги абун, къулгIадухъ дибир, гъуждулги ккун, кодове восана. Дир гьудулзаби релъанхъидал, кьерги тIун, дибир, росулъехун валагьун, лъутун ана. Дида хадув старшина вачIана ва канцеляриялде вачана. Гьениб гъикъа-бакъиги гьабун, туснахъалда тIамизехъин вукIарав дун, рачIун гьудулзабаз, къуръаналда кверги лъун дир гIайиб гьечIилан гьедун, хвасар гьавуна. Нахъе виччана тIокIал гьединал «чорокал» кучIдул хъвагейила лъазеги гьабун. Дицаги рагIи кьунаха.

Щиб гьабилеб гьанже? БитIараб бицине гьукъана, гьереси кIочIолъ ахIизе бажаруларо. Гьелдаса хадуб, дирго берал цIунун, чанго соналъ кечI лъидаго рагIизе биччачIо.

БухIараб кваница кIал бухIичIого букIине, гьитIинаб кесек ккун къулчIулеб хIисабалда, дагь-дагьккун хъвалаан дица кучIдул... Ана щуго сон. Цо ихдалил къоялъ рагIана киналго гьанже ращад рукIине ругила, ханги гьечIила, бечедал-мискиналги рукIине гьечIила. Кинаб эркенлъи букIунебилан ккана дида. Замана тирана-сверана. Деникинцалила, бичераховцалила, аллавердийила – лъица ургъун рахъарал чагIи гьал рукIарал? Большевиказул хIакъалъулъги щибго лъалароан, амма ракIалъ бицунеб букIана гьел гIадлу гьабизе ругел чагIи рукIин. ГIемер ургъулаан дун. Чанги гIакълу дандбазе чагIиги рачIунаан. Амма дун кидаго гIедегIичIо гIакълу кьезе. Дида лъалаан: мацI бох гуро – мацIалда тункарав чи гIодов ккола, тIаде вахъине бажаруларо.

Цо нухалъ Къасум-Кенталда интервентаз кварида ран ратана дир лъабго росуцояв. Сундуе гIоло? Гьел рукIун руго Бакуялдаса кумекалъе рачIарал большевикал.



«ВахI, – илан ккана дида, – ракьги нижер, мугIрулги нижер, чIвалел ругел гIадамалги нижерго... Гьаб щиб жо кколеб? Батани, большевикал – руго нилъго, къватIиса рачIаразе къваригIун буго гьаниб кверщел гьабизе?»

Дир вукIарав хвалжаин дандчIвана цо къоялъ.

– Сулейман, – илан абуна гьес, – Казим-бейил хIакъалъулъ кечI щай гьабулареб, яги дуца гьеб большевиказе цIунунищ бугеб? Дун вуцIцIун чIана.

– Гьаб дунял – гьакибер буго – ян тIаде жубана гьес, тирулеб-сверулеб.

– Мекъи тирулеб буго, – ян гьоркьов къотIизавуна дица гьев.

– ЧIая, чIая, гьеб дур габурги кварихъ гIащикълъунищ бугеб ? – илан гьикъана гьес.

– ГьечIо, – ян жаваб кьуна дица. – Кварие мохмох бокьула, дир габурин абуни, пинкьазул цIун буго.

Гьеб къоялъ тIоцебесеб нухалда дир бидул цо къатIра кIалъан батила большевиказул мацIалда. Дица гьелъие квалквал гьабичIо, эркенлъи кьуна. Гьелъул гьаракь батана кверщел бугеб. Гьеб гIагараблъунги лъугьана...

*Буссинабуна Э. Капиевас*

# ЦІУНЕ, БЕТІЕРГЬАН, НИЖЕР ВАСАЛ!



## БахIарчиясул эбел… Щиб бахчун бугеб гьаб рагIуда жаниб? Лъида бичIчIулеб рагъуе вас гьавурай эбелалъул рекIел хIал? Щибаб къоялъ, щибаб минуталъ,щибаб лахIзаталъ рекIелъ бугеб цIа, хIинкъи ва хьул…

Нилъер гьалмагъалъе талихI кьуна– гьелъул вас нахъвуссана. Нахъвуссана бахIарчилъун!

– Дун васасдаса гьев Россиялъул бахIарчилъун вахъун вукIун гуро чIухIулей. Энвер гьитIинаб махалдаса нахъего вукIана дир чIухIилъун ва мугъчIвайлъун.Кинабго гьабулаан гьес ракI-ракIалъ – цIалулаан, боксалде хьвадулаан,гьитIинав вацасе тарбия кьезе кумек гьабулаан.Божизе захIмат буго,амма Казаналъул рагъулаб училищеялда цIалулев вугев гьесда лъалаан гьитIинав вацасул гьудулзаби щалали, кин гьев цIалулевали, щиб къварилъи гьесие бугебали. Нижеда лъалароан, амма гьесда лъалаан!

Дун кидаго хIикмалъулаан гьесул тIаса вичIунгутIиялдаса, мурадалде щвезе бахъулеб хIаракаталдаса.

Гьадинал рагIабаздалъун байбихьана жиндирго хабар Россиялъул бахIарчи Энвер Набиевасул эбел Суна Нейфеловналъ. РакIалде ккезе бегьула цо киналалиго хасал руччабазин бахIарзал гIезарулелилан. ГIолохъанчIуялъул гIадал тIелхазда гъоркьан раккарал тIулакьерал беразулъбугеб парахалъиялъ, гьей цо шагIирасул яги музыкантасул эбелилан тезе бегьилаан. Каранде рохел рещтIинабулеб гьайбатаб гьимиялъги гIажаибго рекIелъе лъугьана гьей дида.

ГIодой йиччан гьелъ бицунеб хабаралъулъ букIинчIо кинабгIаги чIухIи ва гIамалкIодолъи.

– Росги дунги руго Ахты мухъалъул Джаба росулъа. Нижер росулъа гIемерисел рахъ-рахъалде гочаниги, росуцоязулгун бухьен тIезе толаро, цоцалъ гъункун рукIуна. Тадбиразде данделъи гIахьалаб байрамлъун ккола, чIахIияз гIисинал рачун рачIуна, лъималазул лъай-хъвай гьабула, хадубккунги цоцазулгун бухьен букIине гIоло. Харабаз тIалаб гьабула гьоркьоса чи тIагIиналъул, къварилъиялде ккарав чиясе кумек гьабиялъул. ГIемерал соназ наслабаз хвезе течIеб, кьварараб гIадат буго гьеб.

Дир хъизаналда вукIана щуго чи, росасулин абуни – анцIила лъабго. КIудияб хъизаналда гьитIинго куцула жавабчилъиялде, гьеб буго гIумрудулъ хIажалъулеб хасият.

Дун гIуна МахIачхъалаялда, рос Каспийскиялда, данделъана 1987 соналъ. ЛъагIалидасан гьавунаЭнвер, дагьав хадув гьитIинав вас. Заман, нужедаго лъала, захIматаб букIана. Перестройка, пачалихъ биххи. Ниж ине ккана батIияб шагьаралде рагъулаб городокалде хIалтIизе. Гьеб мехалдего Энверица, вацгIалзабазухъги валагьун, живги рагъул хъулухъчи вукIине вугилан абулаан, рагъулаб городокалда гIумру гьабидал тIуванго чIана танкистлъун вахъинилан. Школалда лъикI цIалулев вукIиналъ, гьесул рес букIана бокьараб вузалде цIализе лъугьине. Амма, кидаго гIадин, гьесул тIирунчIеялъ, Казаналъул тIадегIанаб рагъулаб командный училищеялде цIализе инчIого чIечIо, лъабго сонидасан унги.

Суна Нейфеловналъул гIодобе биччараб хабаралъухъ гIенеккидал бичIчIулеб букIана кинаб захIмат бихьун бугеб гьей чIужугIаданалъул рекIедаяли. БахIарчилъиялъул шапакъат офицерасе СВОялдалъидал щвараб! Бокьарай чIужугIаданалда бичIчIила кин ракI хIинкъулебали тохлъукье нуцIида кIутIидалги, телефоналъул гьаракь рагIидалги…

Гьанже сабуралда парахатго бицунеб буго гьелъ, тIоцебесеб къоялдаса нахъе рагъул коронив, тIоцебесеб кьерда вугев васас, жив бронхитгун госпиталалда вугилан, гьездаса кинабго бахчараб куц. Гьоркьо-гьоркьор смс хъван гурони, бухьен гьечIолъиги, госпиталь рохьоб букIиналъ бугилан абулаан гьес эбел-инсуда.

ЛъагIалида жанив ункъо нухалъ мустахIикъавлъун вихьизавуна Энвер БахIарчиясул орденалъе Гьеб щвезе

ккани захІматаб рагъул коронив унго-унгояв бахІарчилъун вукІине ккола. Эбел-инсуда вас шапакъат кьезе ахІун вукІин лъарабго бичІчІана, щиб гІакъуба гьезул васасда рагъда бихьун батилебали, амма… Гьеб буго гьесул къисмат, къадар, ВатІан цІунулезул кьерда вукІине нух.

– Танкабазул ротаялъул командирлъун байбихьана васас спецоперация. Нижеда бицана, Энвер вугила, кьварарав, кІудияв вацасул гІадаб, киназулго тІалаб бугев, рагъухъабазе гІолорухІ кьезе хІадурав кадровый офицер. Гьесул гьитІинаб къоялдаса нахъего буго гьединаб хасият.

БитІун бицани, нижеца гІемер гьикъана васасда БахІарчиясул цІар сундухъ щварабилан. Махсароде бачун, гьес мухІканаб жаваб кьечІо. 2022 соналъул августалдаго лъукъараб бохалъул рекълъи хІалкІун бахчана нижедаса. Вас чІаго вукІиналдаса рохарал нижеда, жеги шапакъаталъул лъалеб жого букІинчІо. Гьесда аскІор рукІине щвараб щибаб къоялдаса рохун рукІана.

2022 соналъул 15 сентябралъ, шагьаралъул къо тІобитІилалде, Республикаялъул БетІер Сергей Алимовичас Энверихъеги ахІун, байрамалде вачІаян лъазабуна ва гьесие щвараб Россиялъул бахІарчиясул цІар киназдаго лъазабизе букІин бицана. Нижее гьеб букІана ракІалда гьечІеб рохеллъун. Хадуб букІана гІагараб росулъе сапар, жамагІаталъулгун дандчІвай, киназулго букІана Энверил квер бачине, гьесда лъикІал рагІаби абизе мурад. Гьеб букІана цІакъ асар гьабураб сапар…

Ноябралда дида лъазабунаПрезидент Путиница Россиялъул БахІарчиясул цІарал щваразул улбулгун дандчІвай гьабизе бугилан. І0 къо карантиналдаги бан, киналго дандчІваялъул гІахьалчагІазда бихьизабуна гьесда цадахъ столалда нахъа гІодор чІеялъул план. Дида цІакъ ургъел ккун букІана – дандйитІун йикІана дун гІодой чІезе. ГІемер цее яхъун ругьунлъичІей дие, цІакъ ургъел букІана абизе бугеб жо кІочон тани щиб гьабилеб, кІаз ботІродаса хъущтІани,хьегІи речІчІани…БотІролъе бачІинчІеб жо хутІичІо! Амма кинабго тІобитІана берцинго. Дагьалго къанщарал бераз бегІерго балагьарав Президентасулгун дандеруссин букІана рекІее хинлъи кьолеб. Кинабго хІисабалде босулеб букІиналъ, цІакъ бигьаго букІана гьевгун гара-чІваризе.КІудияб пачалихъалъул бетІерлъуда вугев чиясе гьитІинайго чІужугІаданалъухъ гІенеккизе лъай – гьеб хасият гІуро, гьеб кІудияб инсанасул махщел буго.

Гьеб къоялдаса нахъе соцсетазул къокъабазда васазул улбузулгун бухьеналда йикІине щвейги буго дир рекІее дарман. Гьенир руго кІудияб улкаялъулго улбул, унго нижер цоцазда релълъин! Цого пикраби, ургъелал, рохел,



макъу гьечІел сардал, божи ва хьул. Эбелалъул дугІа БетІергьанас къабул гьабиялдалъун, васал цІуниялда божиялъ кьола рекІее парахалъи.

Пачалихъалъул рахъалдасан СВОялда гІахьаллъи гьабулезул хъизан-лъималазул бугеб тІалабалъулги бицинчІого тезе кІоларо – щибаб байрамалде рачІуна, кинал тІалабал ругониги тІуразе хІаракат бахъула, ясли-ахалда бакІ букІа, коммуналиял кьваригІелал рукІа. Гьединабго бербалагьи буго спецоперациялда ругел васаздехунги. ГьабсагІаталда, санагІат ккун букІаго, бокьун буго баркала кьезе Ахти мухъалъул ва Каспийск шагьаралъул нухмалъулезе нижер хъизаналъе гьабулеб квербакъиялъухъ.

ЛъачІого унеб букІана заман.КІиабилебги чайник чаялъулги гьекъолаго, ниж ралагьун рукІана Энверил тренировкабазда рахъарал, рокъов гьитІинав вацгун, лъадигун, кІиябго лъимергун рахъарал суратазухъ. Сунал беразулъ букІараб хинлъи, чІухІи, хІеренлъи ва гьединго ургъел.

–РакІалдецин ккун букІинчІо кидагІаги республикаялда кколел лъугьа-бахъиназул, жамагІаталъул тІалабазул дие ургъел букІинилан. Гьанже дица мухІканго тІалаб гьабула Дагъистаналда бугеб ахІвал-хІалалъул. РакІ бохизе бачІуна цІиял стадионал, школал, культураялъул кІалгІаби, ясли-ахал рагьун ругилан рагІани.

Фазу ХІамзатовнаялъул руго гьадинал мухъал: кибехун кьвагьаниги гулла эбелалъул рекІеда щолилан…Аллагьасда гьарула дица васазе къвакІиги, улбузул рекІее парахалъиги. Нилъер лъималазда рагІугеги рагъул гьаракь, кидаго роцІараб зоб букІаги гьезда тІад.

***Суна Набиевалъулгун къо-лъикІги гьабун унаго, Каспийскалъул къватІахъ дандчІвана колясказда лъималгун гІолохъанал улбул, ралъдал рагІал ккун тирулел хараби. Цоял маккал кваназарулел, цоял, гъажалде рехун ноутбукгун, гІедегІун инел, цоял скамейкаялда гІодор чІун, цогиял, телефоналдасан кІалъалаго, кофе гьекъолел…***

***Гьаб кьер-кьераб сверухълъиго эбелалъул рекІелъ бугилан кола. Ва Энверги вуго гьелъул рахІат цІунун. Гьев вугебгІан мехалъ, эбелалъул ракІалъ кинабго хІехьола.***

**Сульгият БУЛГАЕВА**




# БУГО ГЬАДИНАБ ПРОФЕССИЯ – ЛЪИМАЛ САХ ГЬАРИ!

Лъималазул тохтурасул профессия – гьеб ккола бищун захIматаб ва жавабчилъи цIикIкIараб иш, щай гурелъул гьоркьоблъи гьабизе кколеб бугелъул бищунго гIисиназулгун, жидер унтулеб бакI бихьизабизе, бицине лъаларел лъималазулгун.

МахIачхъалаялда бугеб КIиабилеб поликлиникаялъул хIакъалъулъ бицунеб буго гьенир ругел хIалтIухъабаз: гьениб бугеб руччабазул коллективалъулги, гьезул цоцаздехун бугеб берцинаб бербалагьиялъулги. ХIалтIухъабазе нухмалъи гьабулей йиго Дагъистаналъул мустахIикъай тохтур, бетIерай врач Гаммаева Муслимат Маликовна.

**– Кинаб хIалтIи нужеца гьабулеб гьанже ругел лъималазул батIи-батIиял унтаби сах гьаризе?**

– Нижеда тIаде ккола кIудияб жавабчилъи, бищунго цебе букIине ккола къохIехьей ва сабру – гьеб бугоха лъималазул тохтурасе чара гьечIого къваригIунеб хасият, – ян бицине байбихьана Муслиматица. – Врач гIумруялъго цIалделев, жиндаго тIад хIалтIулев вукIине ккола. Нижер буго цIакъ лъикIаб коллектив. Киналго хIалтIухъабиги руго цоцалъ росарал, аваданал, ракI рагьарал гIадамал. Щиб къваригIаниги цоцазе кумекалъе ратула, гьабулеб хIалтIулъ цоцазул ракI батизабула.

ХIалтIухъабазул профессионалияб хасияталги тIадегIанаб даражаялъул руго. Гьел руго лъай бугел, тIадегIанаб квалификациялъул, жидерго хIалтIиги бокьулел, гьелъие гIоло гIумру кьурал тохтурзабиги медсестрабиги. Гьезда кIола гьитIичазул рекIелъе нух батизе, щибасул бугеб унтиялда рекъон, хасаб дару-сабаб гьабизе.

Гьединго хIалтIухъабазул лъай борхизабиялъе хIалтIабиги гьарула нижеца: гIахьаллъула конференциязда ва лекциязда, хал ккола цIиял раккарал медицинаялъул алатазда хадуб, цIалула нижерго хIалтIуда хурхарал журналал, газетал, сайталдаса макъалаби.

Гьеб бицунаго бетIерай тохтуралъул хIалтIудехун бугеб рокьиги хинлъиги бихьулеб букIана.

– Лъималазул тохтурасул хIалтIи, гьанже заманалда рекъон, цIилъулеб лъикIлъулеб буго. ЦIи гьарулел руго шартIал, гIатIилъулел руго унтаби сах гьариялъе ругел нухал. Узухъда, нилъер медицина Россиялъул тахшагьаразда гIадин цебетIураб гьечIо. Амма гIезегIан руго нилъер лъай бугел, тIадегIанаб даражаялда унтаразе кумек гьабизе бажарулел, махщел бугел тохтурзаби. Гьезда лъала, гьанжесел къагIидабазда рекъон, диагноз чIезабизе ва унтаби сах гьаризе.

**– Кинабха бугеб жакъасеб къоялъ эбел-инсул бербалагьи лъималазул сахлъиялдехун?**

– ГIемерисел эбел-инсуца цIакъ кIвар кьолеб буго жидерго лъималазул сахлъиялде, жавабчилъигун балагьулел руго тохтурзабазул малъа-хъваязде, ракIбацIцIадго тIубалеб буго гьез тIадкъараб жо. Гьединазул лъималги, унти халат бахъинчIого, хехго сах гьаризе кIолел руго.

Руго улбул медициниялде кIвар кьолелги, тIадчIун гьеб жидецаго лъазабулелги. Гьединалгун хIалтIизе нижееги бигьаяб букIуна, щай гурелъул лъималазул сахлъиялъе гIоло гIаммаб хIалтIи гьабулеб бугелъул.

**– Кинал кIвар бугел суалал нужер ругел?**

– Цо-цо сакъатлъиги камулароха нижер хIалтIулъ. Гьоркьо-гьоркьоб захIматал, бичIчIи гьечIел улбулгунги хIалтIизе ккола ниж. Гьел руго киналниги прививкабаздаги дару-сабабалдаги данде чIарал, тохтурас хъвараб рецептги гIиндего босуларел чагIи. ДандчIвала жидерго лъималазул ургъел гьабуларел, гьезул сахлъиялда хадуб

хал кколарелги. РукIуна, жидецаго дарабиги кьун, сах гьарулаго дагьалги унтизеги унтун рачIунелги. Гьединал улбул къобахъанагIан гIемерлъулел руго. Жакъа бищунго кIвар кьезе ккараб суал буго – месед ва свинка унтиялъ гIемер унтулел рукIин. Гьел унтабаз квешаб бакIалде рачуна, ай инвалидал лъугьине рес буго, букIине кколеб къагIидаялъ сах гьаричIони.

Цо-цо мехалъ инчIониги гIолеб бакIалде рокъореги ахIула. Гьелъ нижер заманги къуватги чIвала, цойги гьитIичазе кумек гьабизе рухIги дагьлъула. Цо тохтурасда тIаде 30 км сверухъ жаниб бачараб бакI ккола. ГIемерал гIадамал ругеб гьединаб кIудияб бакI унтаразухъе хьвадизе цо чиясе захIмалъула. Нижер территориялде ккола Талги поселок, гьениб абуни 800-ялдасаги цIикIкIун лъимер буго.



Харбиде жуяна Гереева ГIайшат Расуловнаги – 4 педиатрияб отделениялъул заведующая. Гьелъ бицунеб букIана поликлиникаялде гIемерал унтарал рачIунилан.

– Дагъистаналъул районаздаса гIемерисел гIадамал МахIачхъалаялде гочун, гIумру гьабун гьанир чIун руго. Хьвай-хьвагIай гьениб букIаниги, нижехъе рачIарал унтарал лъимал къабул гьаричIого тун бажаруларо. Цодагьаб цебегIан нижер аниб гIатIилъи лъугьана. Нижее тIадеги рукъзал щвана, гьанже гьанир бакIалъулал педиатраз унтарал къабул гьарула, аслияб корпусалда абуни хасал унтабазда хурхарал тохтурзабаз къабул гьарула унтарал. Гьезие нухмалъи гьабула ГIамирханова Марина ГъазимухIамадовналъ. Гьейги ккола хасал унтабазул отделениялъул нухмалъулей.

Гьелъ бицана, отделениялда хIалтIулел ругила цIакъ лъикIал профилалъул тохтурзаби.

– Диспансеризация гьабулаго, нижер хасал унтабазул врачаз – неврологаз, офтальмологаз, эндокринологаз, рекIел тохтурзабаз ва цогидазги загьир гьарула захIматал, кьанагIатал унтаби. Цодагьай цеегIан хал гьабизе ячун ячIана цо щекъер унтарай яс, лор-врач хIисабалда дида бихьана гьелъул щекъералда бижараб жо. Гьеб ангина букIинчIо. Дица малъа-хьвайги гьабун, гьел тIадчIун киналъулго дагьабги хал-шал гьабизелъун ритIана. Гьей ясалъул квешаб унти батана щекъералда бижараб жоялъул. Цойги лъимер бачун бачIана хирургасухъе чехьги унтун. Гьединал лъималазул гIемер хал-шал гьабизеги кколароан, кин букIаниги гьел ритIана УЗИ гьабизе. Гьениб бихьизабун бачIана бакьазда жаниб бижараб жо бугилан абун. Нижер ДРКБ-ялда операцияги гьабун, гьеб нахъе витIана. Гьанже гьев вас, мадарги лъугьун, лъикI вуго. Нижеца цIакъ хIаракат бахъула лъималазул сахлъиялда тIад чIезе.

Эбел-инсудехун хитIаб гьабизе бокьун буго: цIуне нужерго лъимал, къимат гьабе тохтурзабазулги! Врачазе къваригIараб жо цохIо буго – нужер лъимал сах-саламат рукIин. Гьелъие гIоло бажаранщинаб жоги гьабулеб буго нижер тохтурзабазги медсестрабазги, – абун лъугIизабуна бицунеб букIараб хабар Марина ГIамирхановалъ.

Киназдаго лъалеб жо буго, бокьараб больницаялда медсестраби хIажат рукIунеллъи, гьезда тIаде бегун букIунеб кIудияб хIалтIи. КIиабилеб поликлиникаялда 50 соналъ хIалтIулей йиго Бибалаева ГIайшат Къурбановна. Гьей йиго битIахъе гьеб хIалтIуе гIоло гIумру кьурай гIадан. Гьей ккола захIматалъул ветеран, СССР-алъул сахлъи цIуниялъул мустахIикъай хIалтIухъан, СССР-алъул сахлъи цIуниялъул отличник. Халкъазда гьоркьосеб рекъел ва гьудуллъи цIуниялъе гIоло гьелъие кьуна Ленинил цIаралда бугеб орден. ГIайшат йиго коллективалъул ракI гIадай инсан. Гьелъухъан бажарула киналго гIадамазулгун хIал рекъезабизе, кинабго берцинго нухда бачине, ккара-тараб жо хехго рукIалиде ккезабизе. КъваригIаралъуб гIакълу кьезе махщелги буго, ккараб бакIалда жиндирго кьвариги бихьизабула. Гьеб гьечIогоги хIалтIуда кинго бажаруларо.

Поликлиникаялъул хIалтIул бицана хасал унтабазул отделениялъул кIудияй медсестра Цибац МухIамадовалъ.

– Нижер буго чIараб низам: 2 сагIаталъ ясли-ахаздеги школаздеги уна лъималазул сахлъиялъухъ хал-шал гьабизе, гьел поликлиникаялде хьвадизе ккечIого рукIине. ГьабсагIат аслияб масъалалъун ккола, лъимер нижехъе бачIин гуреб, тохтурзаби гьезухъе ин. Гьелъ рес кьола киназего жиндир заманалда ругел унтабиги загьир гьаризе, кумекги щвезе. Нижеца хIалтIи бикьун буго кIиго бутIаялде – цин хIадурлъи гьабиялъул, кIиабилеб абуни, нахъ тIамичIого поликлиникаялде рачIин. Гьелъул лъималазеги гьезул эбел-инсуеги цIакъ санагIалъи букIуна, – абун тIадеги жубана Цибац МухIамадовалъ.

Нижеца хадубги гIемераб кIалъай гьабуна батIибатIиял суалазда тIасан.

АбичIого гIоларо, лъималазул поликлиникаялъул медсестрабазги тохтурзабазги гьираялда цIалула ва хьвала «МагIарулай» журнал. Гьезул чанго сон буго нахъаса къотIичIого гьеб журнал хьвалеб. Гьираялда бицуна журналалъул щибаб гьумералда хьвараб-таралъул, гьенир рорхулел ругел суалазул. Гьел цIакъ рохунги рукIана жидерго хIалтIул хIакъалъулъ кватIичIого анкьабго мацIалда рахъулел журналазда къватIибе бачIине букIин лъайгун.

***Поликлиникаялъул коллективалъ ва гьелъул БетIерай врач Муслимат Гаммаевалъ киналниги Дагъистаналъул руччабазе гьарулеб буго щулияб сахлъи, берцинаб гIумру, рекIел мурадал тIурай. Хьизанал щулалъаги, лъималаздаса рохаги, ракълилаб гIумруялда гIемераб мехалъ таги нуж, хириял руччаби!***

**Виолетта РАТЕНКОВА**

# КИНИДАХЪ КУЧІДУЗУЛ МАЦІ БОКЬУЛА ДИЙ...

Рахьдал мацІ гьелъие, гІицІго кІалъазе гуреб, гІажаибаб асар ва къуват чорхое кьолеб, бидулъ бессараб мацІлъун буго.

### ЭБЕЛАЛЪУЛ МАЦІ...

МагІна кІудияб, рагІизе бокьулеб, жинца хадур цІалеб, рахьдал мацІалда гъорлъ ратулел багьа гьечІел рагІаби. РакІалде ккола рахьдал мацІалъ гІумру хисизабулин, бачІунеб гІелалъе битІараб гІумрудул нухде гали тІамизе малъулин. Гьелда бичІчІула гІумрудул магІна. Табасаран мухъалъул Ханаг росулъ гьаюрай, гІурай педагог-лингвист ГІабдулаева Сейранатида абизе бегьула рахьдал мацІ цІунарай, гьелъул цеехъан абун.

– МацІ цІи гьаби буго гьелъул гІумру цІуни, мацІалъ бихьизабула халкъияб ва сиясатияб буголъи, халкъальул гІадлу-низамияб рахъ. ХІакълъунго, мацІ ккола чІагояб жолъун. Амма гьелъие кумек къваригІуна цІилъизе ва цебетІезе.

Гьелда гІемер ракІалде щола эбелалъ бицунеб букІараб берцинаб, магІнаяб, гъваридаб рахьдал мацІ. Хъизаналда лъималазе гІадлу хІеренаб ва ритІухъаб букІана эбелалъул. Амма гІенеккиги, цІалуда тІадчІейги къвакІараб букІана. Эбел-инсул гІадлуялъ бихьизабулеб букІана гьитІиназде бугеб хъатир, кІудиязде бугеб адаб. Лъималазул мурадаздеги эбел-инсуца кІудияб кІвар кьолаан.

– Нижеда бичІчІулаан, эбел-инсул кьварараб гІадлуялъулъ бугеб рокьи. Гьез лъималазулъ куцана умумузул къвакІараб иманги бахІарчилъиги. «ХъачІаб гІадлуялъулъ букІуна хасаб недегьлъи – хІеренлъиялъулъ букІуна жиндирго хъачІлъи». Аби буго, лъикІлъиялдасаги бугин гьудуласе зарал, хъачІлъиялъги бижизабулин гьуинлъи – ян абулаан инсуца. Гьел рагІабазул магІна дида гІемер соназдасан бичІчІана, – ян бицунеб буго Сейранатица.

Гьелъ бицана, мацІал гІуцІцІиялъул тарих, рикІкІадаб Кавказулъулаб Албаниялдасан бачІараб бугин. Гьел хиси гьечІел мацІал гІуцІцІиялъулъ гІахьаллъи гьабуна Азербайджан, ГІарабистан, Персия ва гІурус культураялъ. Гьедин бачІараб буго Кавказалъул хиси гьечІеб табасаран абулеб мацІ.

### ГІУМРУЯЛЪУЛ ШКОЛА...

– Умумузул устарлъиялде дица тІоцебесеб гали лъуна, гьитІинай, жеги школалде унарей льимералъ. Дунги, дир лъабайго кІудиял яцги, эбелалда цадахъ, халичабазда накъищал рессулел рукІунаан. Эбелги жиндирго эбелалда цадахъ ругьунлъарай йикІана. Гьелъ батила, нижее гьеб букІана, нижерго халкъальул культураялда хурхараб дарслъун. ГьитІинаб мехалдасаго эбел йикІана нижее адабги хІурматги цІикІкІарай гІакълучІужу. Гьелъ малъана халичаби рессиялъул балъголъаби, рекъарал кьерал данде ккезаризе. Дица хІаракат бахъулаан мухІканай цІалдохъанлъун йикІине, дирго кесекалда гарацІ базе, киназдасаго цее ккезе. Анкьго сон тІубарабго дун ана Ханаг росдал микьго сонилаб школалде, тІоцебесеб классалде. Дир тІоцевесев учитель Зульфукъар мугІалимас нижеда малъана берцинго, гІемер женкІечІого, гІодоре риччан хІалтІизе, цІализе ва хъвазе. Жакъа къоялъги дица гьев кІодо гьавула, рахьдал мацІалде дие нух рагьаралъухъ. Гьединлъидал дие цІакъ бокьана поэзияги. Дица хъвалаан кучІдул ва гьел хъвараб тетрадь лъиданиги бихьизе толароан.

Дир гІумруялъулъ кІудияб бакІ ккола тІоцеесей учительница Дубровина Анна Ивановнаялъ. Гьелъ кьолаан гІурус мацІалъул дарс ва литература. ГІумруялъго рекІелъ хутІана хъвадарухъабазул хІакъалъулъ гьелъ рицарал хабарал. ГІурус мацІ дие хиралъана. Учительницаялъул рокъоб букІана библиотека, гьеб дир бищун хирияб бакІлъун лъугьун букІана. Гьение дун ячІунаан литературиял бахІарзазул гІумруялъулъ дунго йигей кинигин. Жакъаги абизе кІола, дица чан сон баниги, гьедигІан соназ дида ракІалдаса инаро дирго тІоцеесей учительница.

Араб сон букІана учителасул сон. Дирго тІоцеесей учительницаялде кагъат хъвана дица. Гьениб загьир гьабуна дирго гьелде бугеб гІорхьи гьечІеб рокьи. КІикъогогІанасеб соналъ хІалтІана, ватІаналдаса рикІкІад, мугІрузул росулъ гьей гІадан. Жиндирго гІолохьанаб гІумру гьелъ кьуна, мугІрузул лъималазда гІакьлу-лъай малъулаго. Дагъистаналде рачІарал цогидал учительзабиго гІадин, жиндирго кьисматги дандчІван, магІарухъ росасеги ун, гьаний хутІана.

МахІачхъала шагьарлда буго гІурус учительзабазе бараб памятник. Гьезул гІорхъи гьечІеб захІмат буго нилъер халкъальул культураялда жаниб.

### ЦІИЯЛ РЕСАЛ...

– Рос-рукъалде ун хадуй, нилъер бахІарчияй чІужугІадан хІалтІизе лъугьана Каспийск шагьаралда М. ХІажиевасул цІаралда бугеб мухІканаб механикаялъул заводалда. Пачалихъалда лъугьарал хиса-басиязда бан, заводалъул бича-хисиялъул рахъ гІодобе ккедал, Сейранат ана Каспийск шагьаралъул ЦБСалъул библиотекалде

хIалтIизе ва цIализе лъугьана ДГУялъул филологияб факультеталде.

– Дида бичIчIана, дир гIумроялъул цIияб рахъ рагьараблъи. Дир лъимерлъидул анищ тIубана!

ЛъикIаб лъай Сейранатие щвана М. ХIажиевасул цIаралда бугеб, кадетазул ралъдалаб школа-интерналталда, жийго гIадал гIолохъанал педагогалгун хIалтIулаго. Лъималазеги гьей цIакъ йокьана, жидедехун бугеб бербалагьиялъги кьолеб гIакълу-лъаялъги. ХIаракат бахъулаан цого цо жиндирго дарс кьун чIезе гуреб, лъималгун хабар-кIалалда йикIинеги, гьезие тарбия кьезеги.

– Дир цIайи, цо литературалде ва кучIдул хъваялде гуребги, тарихалде ва философиялдеги букIана. Дунял хисулеб гIаламатазда хасаб хадубчIей букIунаан. Дица дидаго сверухъ ва дунялалда лъугьунеб-бахъунеб лъазе тIалаб гьабулаан ва лъималазе бицунаан.

Сейранат ХIажигIумаровна ккола "Къункъра" абураб литературияб клубалъул нухмалъулей, нилъер хъвадарухъабазул Союзалда рагьараб. «Лачен» журналалъул редколлегиялда гъорлъеги уна гьей. Къокъабго заманалда жаниб «Къункъра» клубалъул гIахьалчагIаз жалго рихьизаруна бищун лъикI, пасихIго кечI цIалиялъе гьунар бугелллъун. Гьел цере рахъуна батIи-батIиял данделъияздаги.

– Клуб лъугьана дир рекIелъе. Гьениб дица гьабулеб хIалтIул хIасил рагьун бихьулеб букIана. Расул ХIамзатовасул I00 сон тIубаялде, кочIолаб театргун цадахъ нижеца, РГВК телевидениялда бихьизабизе, бетIералде бахъинабуна «Нижер Расул» абураб шигIрияб фестивалалъул проект.

– ХIакълъунго, нижеца лъималгун тIобитIулеб заман уна, гьезие гIумрудул, рукIа-рахъиналъул, гIадлу-низамалъул бицунаго. Нижеца малъула гьезда ВатIаналде букIине кколин хасаб рокьи, лъазе кколин ВатIаналъул тарихги. Гьединаб хIалтIулъ дие кумек гьабула цого филологаз гуреб, профессионалиял хъвадарухъабазги, поэтазги. Лъималазе цIакъ бокьула цIализе мустIахIикъал поэтазул ва хъвадарухъабазул асарал, гьелгун дандчIвазе. Гьенир гьез рагьула рахьдал мацIалъул балъголъаби. Лъималазул гьира бижула захIматал литературиял материалалгун хIалтIизе.



суалалде бербалаги бугони, гIумруялъулъ лъималазе захIматго букIине бугеблъи. МацI лъаялъе риччан руго гьаркьилал тIахьал, мультфильмал, методикиял тIахьал… Гьеб кинабго буго кIиабилеб бакIалда. ТIоцебесеб бакIалда буго рокъоб, хъизаналда жаниб рахьдал мацI бициналъул кIвар. Дица лъималазда гьадин абула: «Нуж руго улкаялъул ва нилъер халкъалъул букIинесеб гIел. Дие бокьун буго нуж рахьдал мацIалда кIалъазе ва ургъизе. Гьелъулъ дун нужер кумекчIужуги йиго», – ян. Росаби чIороголъулел руго, мацIазул хIалги къуватги лъугIулеб буго. Дица гьезие мисал бачана, Дагъистаналъул классик Расул ХIамзатовас абурал рагIаби: «БукIана магIарухъ халкъ. ГIодоблъиялда гIалам лъугьана» – ян. Киналго цIалел руго шагьаралъул гIумруялде. МугIрузул гIодобе биччайги, эркенлъиги, аваданлъиги кIочон толеб буго.

## РАХЬДАЛ МАЦI – ШКОЛАБАЗУЛ ПРОЕКТ...

Сейранат ХIажигIумаровналъ гьираялда бицуна, жийго Каспийск шагьаралда, Россиялъул бахIарчи В. Г. Казанцевасул цIаралда бугеб «I5 школа» лъайкьеялъул централда хIалтIулей йикIараб заманалъул.

– Дица кьолеб рахьдал мацI дие буго дир гIагараб халкъалъул тарихлъун. Гьелъул бухьенги буго культурагун. ТалихIалъ дир лъай-хъвай ккана дунгун цадахъ хIалтIулей, гIажаибай, гьунар цIикIкIарай педагог Ширинбекова Гульмиралгун. Дида бичIана, рахьдал мацI цIуниялъулъ гIахьаллъи дица гьабизе кколеблъи. РакI бохун уна дирго цIалдахъаби рахьдал мацIалда кIалъалел рагIарабго. Амма, улбузул кумек ва хIаракат гьечIони, педагогасе захIмат букIуна. Киналго умумузда бичIчIуларо рахьдал мацIалъ лъималазул гIумрудулъ кколеб хасаб бакI. Умумузда бичIчIуларо кIвар гьечIого, тIаса-масаго гьеб суалалде бербалаги бугони, гIумруялъулъ лъималазе захIматго букIине бугеблъи.

Цойги педагогалъул рахIат хвараб суал буго номативиял правоялъул документазда «халкъ» абураб рагIи хисизабун буго греказул «этнос» абураб рагIиялде. Гьединго, школабазул программабаздаса тIагIун буго «Дагъистаналъул халкъияб литература». Гьеб букIине бегьулеб жо гуро. Гьеб гьедин тезеги бегьуларо...

Сейранат ХIажигIумаровналъ гIемер бицунеб буго лъималазе ВатIаналде, эбелалде, рахьдал мацIалде рокьи гьадингосеб жолъун букIине бегьуларилан ва гьезул ракIазулъ рокьи бекьизе кIвараб хIаракат бахъулеб буго.

**ГIайшат ТАЖУДИНОВА**

# 1941 соналъул июналда…

Рагъ лъугIаралдаса унел руго гIемерал сонал, дагьал хутIулел руго гьеб рагъул гIахьалчагIи…
Хвел гьечIеб полкалъул лъугIел гьечIеб чвахи… Амма кигIан гIемер тадбирал, парадал гьаруниги, фашистазул лагълъиялдаса дунялалъулго халкъ хвасар гьарурал советиял солдатазул кутакаб гьунаралъул бицун хIалкIоларо. Гьеб цохIо солдатазулги офицерзабазулги гьунар ва бергьенлъи кколаро. Гьеб буго, рагъухъабаз рухI кьун босараб бергьенлъи цIуниялъе гIоло, рухIалда барахщичIого хIалтIулеб букIараб халкъалъулги бергьенлъи…



Цогьединаб, жиндир бахIарчилъиялъги къуркьи гьечIолъиялъги ниж хIайран гьаюрай чIужугIаданалъул бицана гIемерал соназ Гъизилюрталъул больницаялда хIалтIарав, Дагъистаналъул мустахIикъав тохтур, СССРалъул сахлъи цIуниялъул отличник, ТIалхIат Ахъбердиевас. Гъизилюрталда ТIалхIат Ахъбердиев лъаларев чи вати щакаб буго. Амма киназдаго гуро лъалеб рагъул тIоцересел къоязул нугIлъун гьев вукIаравлъи…

ТIалхIат Ахъбердиевасул эмен, Хунзахъа Шапи Ахъбердиев, вукIана БагIараб армиялъул кадровый офицерлъун ва рекIаразул лъабабилеб эскадроналъул командирлъун. Унеб букIана ВатIанияб рагъ, немцаз рахъулел рукIана европаялъул пачалихъазул ракьал. Рагъулаб хъулухъалъ гьев витIун вукIана Львов шагьаралдаса бакъбаккул рахъалда бугеб Каменск-Струмиловка абулеб гьитIинаб шагьаралде. Гьес цадахъ рачун рукIана гIолохъанай лъадиги лъабго сон барав васги. Гьелда бичIчIулеб букIана захIматаб заман тIаде щун букIин… ГIорхъабаздасан рачIунел рукIана рахIатхварал харбал… Амма гьелъ хIукму гьабуна росасда аскIой чIезе.

I941 соналъул ихдал Шапи Ахъбердиевасе кьуна капитанасул цIар. ГьитIинаб шагьаралда гьезул гIумру букIана гIодобе биччараб. ГIодоркъояз офицерзаби хъизангун данчIваязде, киноязде унаан. РачIунаан «Чапаев», «Кубаназул казакал», «Аваданал васал» – абурал фильмал… Гьеб 21 июналъги, киноялдаса хадур,

гьел хъизан-лъималгун тира-сверана, чай гьекъана…

Сардилъ нуцIида кIутIана – капитан Ахъбердиев хех ахIун ана полкалъул штабалде. «Кида вачIинев?» – абураб лъадул суалалъе гьес жаваб кьуна: «Лъаларо» – ян. Эбел, гьев ун хадуйги кьижичIо. Рогьалилъ ячIарай мадугьалалъ: «ПатIимат, хехго къватIие яхъа! Рагъ байбихьана!» – ян ахIана. ГьитIинаб рагъулаб шагьаралда байбихьана хъуй, рахIатхвей – киналго офицерал ахIудрахъун ана. РагIулеб букIана бомбаби ралеб гъугъай, зоб гвангъун букIана кьвагьияз…

ПатIиматица къайи бакIарилалде унгоунгояб бомбабазул цIад байбихьана! Руччабиги лъималги рохьобехун нух бахъизе лъугьана. Берда цее хвана чанго чIужугIадан. ЧIваралъул кодоб букIана анцIго моцI бараб гIодулеб лъимер. АскIосан екерулей цойгиялъ лъимер, каранде къан, цадахъ бачун ана…

Гьединаб буго рагъул заман. ЧIварай эбелалда кодоб гIодулеб лъимер кин телеб, бомбабазда гъоркь хвезе гьудулзабазул хъизан кин телеб… Дуда хадуб гурони бичIчIуларо дуцаго гьабураб лъикIлъи, амма доб лахIзаталъ сунцаялиго тIамула мун лъукъаразе, загIипазе кумек гьабизе. Гьеб батила доб иман…

Кьвагьулел бомбаби, речIчIулел гулби, гIодулел лъимал, ахIдолел руччаби… ПатIиматил ракI гъанцIизабулеб букIана, жиндиего щибниги ккун, вас фашистазухъедай щвела, щибдай ккелаян абурал пикрабаз. Гьел руччабазул цохIо мурад букIана: жалго чIаго хутIи ва лъимал хвасар гьари.

Рагъухъаби рукIана хандакъал рухъулел. Гьезда гьоркьов ПатIиматида Дагъистаналдаса цо лъалев чи вихьана. Гьев вукIана гьезул гьобол, лъарагIав Айдемир. ПатIиматица гьеса цIехана росасул хIакъикъат. Рагъул цебесеб кьерда вугоянги абун, Аллагьасде аманат гьелги гьарун, Айдемир тушбабазде данде векерун ана. Гьеб лахIзаталъ нилъер зенитчиказ бортизабураб немцазул самолет кьвагьана рохьоб…

Рохьосан гурони нух букIинчIо, мaххул нух немцаз кьвагьизабун букIана. Цее-цее екерулей йикIана цо къандалъо кодоб ккурай чIужугIадан. Бомбаби ралеб мехалъ, гьел гIодор регулел рукIана. Цояз



гьелда гьикъана дуца къандалъо щай кодоб ккун бугебан. ПатIиматида киданиги рекIелъа унаро гьей гIаданалъул чара хвараб, гIадаллъараб балагьи… гьей пакъиралъ, гIемер хIинкъиялъ, лъимералъул бакIалда къандалъо босун буго рокъоса. Гьелда гьениб бичIчIана жиндего бачIараб балагь. Гьей чIичIидула: «Васенька! Дир лъимер Васенька!»…, – ян, ва гьеб бакIалдаго ракI кьвагьун хола…

Чанги къварилъи бихьана ПатIиматида, амма киданиги гьелда цебеса инчIо дой чIужугIаданалъул балагьалъ чIегIер гьабураб гьумер.

ПатIиматида цадахъ йикIана сибиралдаса Татьяна. Гьелъ каранде къан букIана чIварай эбелалъул кодоса босараб лъимер. Гьелъул жиндирго лъимал цадахъ рекерулел рукIана. Киналго руччабазда кодор рукIа-

на гІисинал лъимал. Гьез Аллагьасде гьарулеб букІана лъимал цІунеян.

Улбул лъимал цІунулаго холел рукІана. АскІой йикІарай цояй чІвана – 6 сон барай яс хутІана. Щиб мацІ бицинеб эбел чІвараб лъимадуе? Гьейги каранде къан, ПатІимат гІодана.

Гьезда хадуб гъуна рохьобехун унеб солдатазул машина. Рагъухъабаз гьел рохьоб бугеб танказул часталде щвезаруна. Татьяна хехго кузовалде яхана, амма ПатІиматида, ургьиб лъимер букІиналъ, яхун бажарулеб букІинчІо. Гьелъие кумек гьабуна гІолохъанав офицерас. ПатІиматида кІочонаро гьес жидер гьабураб тІалаб, тІад гъотІол гІаркьалабиги лъун, рахчизарураб куц. Рагъалъ чиясулъ ругел квешалги лъикІалги гІамалал къватІир чІвазарула!



Гьеб машинаялда щвана Львовалде. Вокзал цІун букІана халкъалъ, пассажирал рекІунеб поезд букІинчІо, гьел рекІана тІурччи баччулеб цо вагоналда. Гьеб вагоналда жанир, чанги бомбабазде гъоркьеги ккун, гьел щвана рагъ гьечІеб бакІалде. Гьеб вагон щвечІебани, киналго яги фашистазухъе щолаан, яги нухда бомбежкаялъ чІвалаан. Чаги къо бихьана гьезда нухда, амма ПатІиматил ракІчІун букІана Аллагьас гІисинал лъималги руччабиги цІуниялда.

Киданиги кІочонаро ПатІиматида поезд чІарабщинахъе гІадамаз гьабулеб букІараб кумек, бачІунеб букІараб квен, ретІел. Рагъул заман букІаниги, кибго букІана гІадлу-низам, киналго идараби хІалтІулел рукІана мухІканго. Гьедин, батІи-батІиял шагьараздаги лъалхъулаго, гьел щвана Саратовалде. ЦІакъ лъикІ къабул гьаруна рагъул тІоцересел къоязул кьогІлъи бихьарал руччабиги лъималги гьенир. РухІ лъугІарай ПатІимат рекІеде ячІуней йикІинчІо бихьараб кьварилъиялъи росасул ургъелалъги.

Офицерзабазул руччаби ритІулел рукІана хІинкъи гьечІеб бакІалде, Урал бахун Сибиралдехун. Амма ПатІиматида ракІчІун лъалаан Хунзахъе тІадюссине кколеблъи. Саратовалдасан гьел ритІана Астраханалде, гьенисан паромалда МахІачхъалаялде. Хундерил петералдасан, гьакидаги рекІун, магІарухъе. ГІагарлъиялда лъалеб букІинчІо гьезул къисмат: рагъул тІоцересел къоязго гьел хун ратилин тун букІана гьез. Хундерил росуго бачІана ПатІиматида гьикъаризе. Гьей йикІана рагъул тІоцересел къоязул кьогІаб хІакъикъаталъул нугІлъун.

І94І соналъул ноябрь моцІалъ ПатІиматие гьаюна яс. Гьелда лъалаан, советияв рагъул офицерасул лъимал унго-унгоял гІадамаллъун рахъиналъе гІоло, жий хІалтІизеги къеркьезеги кколейлъи.

Ана гІемерал сонал. ПатІимат хІалтІана Хунзахъ районалъул школазда учительлъун, ясли-ахалъул нухмалъулейлъун, пенсиялде аниги лъималазе тарбия кьолей чІужулъунги. Гьелъие щвана «За доблестный труд в годы ВОВ», «За трудовое отличие», «Ветеран труда» абурал шапакъатал. Гьел шапакъатазда-саги цІикІкІун мустахІикълъана гьей росуцоязул, ясли-ахалъул ва жиндирго лъималазул рокьиялъеги адабалъеги.

***Киданиги къинаро Дагъистаналъул рацІцІадал иццал, ракъваларо гьайбатал сагаби, рорхатал кьурабаз цІунила магІарулазул хІалхьи… Гьединго кІочене гьечІо фашистазул бомбабазецин къуркьичІей ПатІиматил гІумру ва къисмат.***

**Сульгият БУЛГАЕВА**

**P.S.** КІудияб ВатІанияб рагъ лъугІун 76 соналдасан Гъизляр шагьаралда батана ТІалхІат Шапиевичасда жиндирго эмен вукъараб хоб.



Иранпур Гюлли. Весна с портретом Ф. Кастро, 1963 г., холст, масло, 80х60,5 см, КП-4127, Ж-321



# КОСМЕТОЛОГ ОТВЕЧАЕТ НА ВОПРОСЫ

Эстетическая косметология в Дагестане – очень развитая сфера. Но всегда ли качество услуг на должном уровне? Как не ошибиться с выбором специалиста? Какие проблемы могут возникнуть после процедур и по каким причинам? Чтобы получить ответы на эти вопросы, мы побывали в гостях у высококвалифицированного специалиста Зухры Ахмедовны Гасановой, руководителя «Центра косметологии Зухры Гасановой».

**– На что обращать внимание при выборе косметолога?**

– Как правило, самый популярный сейчас источник выбора – это социальные сети. Важно удостовериться, есть ли у специалиста соответствующее образование. В идеальном случае это, как у нас, медицинская лицензия на косметологическую деятельность. Скажу, что она у нас единственная в городе. Также важно посмотреть на внешний вид косметолога, потому что то, что он делает с собой, – это его видение красоты, это он привносит в своих пациентов тоже. Воплощает, скажем так, свои идеалы красоты. Я бы обратила внимание на то, чем человек занимается, какое место в его жизни занимает эстетика. Возможно, он рисует, лепит, занимается прикладным трудом или умственным. Как он воспринимает жизнь, как относится к людям… Это тоже важно, так как на кону очень важные вещи – здоровье и внешность пациента. И тут человеческие качества, помимо профессиональных, тоже играют роль.

**– Еще один вопрос меня волнует, по поводу препаратов: сейчас много всего попадает с черного рынка. Какими последствиями может обернуться использование несертифицированных препаратов?**

– Вы имеете в виду не уходовую косметику, а именно инъекционную?

**– Да.**

– Надо понимать: то, что имеет регистрацию, всё прошло проверку. Тем не менее, на рынок попадает «левая» продукция и такие же аппараты. К чему это может привести, несложно догадаться. Самые частые осложнения – это аллергические реакции, связанные с плохой очисткой препарата. Возможны очаги воспаления, фиброзы, грануляции. В самых тяжелых случаях – эмболии и некрозы, анафилактический шок. Конечно, и с качественным сырьем возможны нежелательные явления, но гораздо реже, и их легче устранить. Некачественному ботоксу тяжело выжить на современном рынке, потому что существует прямая зависимость между качеством препарата и эффектом от его применения. Но в отношении филлеров, препаратов для мезотерапии, биоревитализации, конечно, на рынок могут просочиться и контрафакт, и подделки.

**– А как реагировать на дешёвые процедуры? Вот, например, я работаю со студентами в вузе и довольно часто слышу, как они говорят: «Ой, скидка сейчас на губы у какого-то косметолога, за небольшую плату можно пойти сделать». То есть они бегут туда, потому что дешево!**

– Я вам скажу так: губы делают препаратами гиалуроновой кислоты, других составов на сегодняшний

день нет. Производство этого сырья очень дорогое. А после проверок и регистраций себестоимость увеличивается в разы! Если процедура дешевая – соответственно, препарат не может быть высокого качества. Хотя я знаю, что некоторые косметологи умудряются и полусинтетику продать по цене хорошего препарата. Да, часто в этих «псевдогиалуронках» могут присутствовать синтетические добавки, которые помогают пролонгировать эффект, но это оборачивается частыми осложнениями. Есть ряд таких препаратов – называть не буду – колют их по самым низким ценам. И очень часто «моделям» на обучениях. Компоненты, которые не рассасываются, остаются в тканях практически на всю жизнь, их невозможно вывести. И они могут в худшем случае нарушать трофику тканей, вызывать аллергические реакции и в целом наносить вред здоровью и эстетике пациента.

**– А Вы можете какой-нибудь случай из жизни рассказать, когда пациентка пришла уже с проблемами.**

– На самом деле случаев очень много. Почти каждый день мы сталкиваемся с такими проблемами, а наиболее частая сейчас – это проблема, связанная с низкой квалификацией и опытом врача. Недавно была пациентка с осложнением после введенного в нос филлера. Косметолог, проводивший процедуру, не заметил вовремя осложнение в виде тромбоза. Вследствие этого наступил некроз кончика носа, и пациентке пришлось провести реконструктивную пластику носа у хирурга.

Очень модно работать полимолочной кислотой, но не все специалисты знают, где с ней можно работать, а где нельзя. В частности, за очень короткий промежуток времени ко мне пришли три пациентки с осложнениями после введения полимолочной кислоты в кожу шеи. И они ходят с этой проблемой уже второй год. И неизвестно, сколько это продлится, потому что положительной динамики именно у этих пациентов нет.

Осложнения, связанные с ботулинотерапией, к большой радости пострадавших, держатся недолго, время полного восстановления – 2–3 месяца, а чаще – еще быстрее. Проблемы, связанные с некачественными филлерами, обычно легко решаются за пару дней введением фермента.

**– Надо же, какие серьезные последствия, аж страшно! А с какого возраста можно начинать косметические процедуры, например, ботокс, инъекции?**

– Наша система здравоохранения разрешает проводить косметологические инъекции с 18 лет. Как правило, в этом возрасте пациенты обращаются по поводу воспалительных элементов (акне). Если нет показаний, то в целях профилактики обычно инъекции начинают проводить с 28–30 лет.

**– А вот у меня еще один вопрос – по поводу миграции филлера...**

– Миграция филлера бывает в нескольких случаях. Первое – это неправильно подобранный препарат. А именно – его плотность. Второе – неправильно подобранный объем. Оба случая вкупе с неправильно выбранной глубиной введения зачастую дают миграцию препарата под действием мимических движений пациента и земной гравитации. Проще говоря, большой комок филлера просачивается в мягких тканях вниз под действием силы тяжести.

**– Были ли моменты, когда Вам приходилось пациента отговаривать?**

– Да, это случается очень часто, за это меня пациенты и ценят. Кстати, в лице этих людей я, как правило, нахожу самую преданную аудиторию – ведь они понимают, что для меня важнее всего получить эстетический результат, не сделав ничего лишнего. Чаще всего отговариваю от татуажа и увеличения губ.

**– Получается?**

– Бывают случаи, когда кто-то не соглашается и идет свою мечту воплощать к другим косметологам. Что ж, это их выбор!

**– Какие сейчас тренды в косметологии?**

– Как раз недавно была на конференции, посвященной трендам. Резюмируя, могу сказать, что тренды разворачиваются в сторону сохранения красоты через коррекцию здоровья, использования высокотехнологичных аппаратов, уменьшения количества инъекционных косметологических вмешательств и восстановления гармоничных пропорций лица. Мы очень тесно сейчас сотрудничаем с лабораториями, выявляем дефициты микроэлементов, белковые дефициты, гормональные нарушения и отправляем на консультации к более узким специалистам – эндокринологам, терапевтам, нутрициологам и т.д. Красота через здоровье – вот то, к чему сейчас разворачивается весь мир косметологии.

Я сама пропагандирую здоровый образ жизни и призываю своих пациентов обращать внимание на психологическое, духовное и физическое здоровье. А там и красота подтянется – мы поможем!

**Беседовала**
**Гулеймат КУРБАН-АДАМОВА**



# ПОЙТИ В БАНК И ОФОРМИТЬ ИПОТЕКУ...



Горькие истории женщин, попавших в капкан ипотеки, поразительно похожи. Происходит это примерно так: мужа нет, но есть ребенок, зарплата небольшая, а жить где-то надо. После нескольких лет скитаний по съемным квартирам безумно хочется иметь свое жилье.

И тут добрые люди, банкиры, придумали ипотеку! Женщина идет в банк и берет кредит лет на 15–20 лет под немалый процент годовых: она ежемесячно должна отдавать половину зарплаты банку. Счастливая женщина вселяется в свою собственную квартиру, но птица оказывается не в гнезде, а в клетке. И голубушку ждет судьба обычной курочки – ее съедят!

Итак, почему одиноким женщинам нельзя влезать в ипотеку на длительный срок при маленькой зарплате, нам расскажет Ирина Агаева, Генеральный директор компании «Агаева АйДи», эксперт в области банкротства, налогов и корпоративного права, юрист, экономист, кандидат экономических наук, которая за 9 лет практики помогла избавиться от долгов более чем 900 клиентам при соблюдении полной конфиденциальности.

«Обратилась к нам молодая женщина с ребенком, которая взяла ипотеку на жилье. Брокер убедил ее, что все будет легко и просто. В банке обязательное условие – первоначальный взнос от 20 % до 50 %. Таким образом банк отсеивает клиентов, которые не могут оплачивать кредит. Но что делает большинство, особенно в Дагестане? Например, квартира стоит 5 млн. Покупатели договариваются с хозяином квартиры, что якобы квартира по договору стоит 7 млн и как будто дают расписку, что они уже выплатили продавцу 2 млн из этих 7, и соответственно у банка они получают остаток денег. В итоге продавец получил свои 5 млн, брокер получил свои 20 % от полученной суммы, а банк получает неплатежеспособного клиента. А еще молодые матери вкладывают туда свой маткапитал – это все, что они могут вложить. На ежемесячные платежи у них денег нет. Банк начинает с них требовать деньги, поскольку они не вносят платежей.

Женщина как-то не задумывалась о том, что, кроме обязанности платить ежемесячно, нужно ремонтировать и обставлять квартиру. Для этого она опять влезает в кредиты. Проходит 2–3 месяца, потом полгода, начинается паника. Ведь невозможно себе постоянно во всем отказывать! Обратившаяся к нам клиентка не смогла платить, а банк потребовал всю сумму кредита. За это время проценты начислили и ежемесячный платеж увеличился, а у клиентки таких денег нет.

Мы решили, что здесь самый лучший вариант – пройти процедуру банкротства, и та сумма, которая перед банком не погашена, списывается. Поскольку она проживает в этой квартире, а процедура банкротства длительная, в среднем до полутора лет, клиентка может, не оплачивая кредит, жить в своей квартире бесплатно. Если бы она съехала, то должна была бы снимать жилье. А мы сохранили ей миллионы рублей и даже деньги за аренду».

Рекомендуем нашим женщинам, которым предлагают какие-то услуги по получению кредита, помнить, что средняя стоимость услуг брокера – это 20 %. То есть, если вы взяли 5 млн рублей, 1 млн отдадите брокеру, но возвращать этот миллион с процентами придется вам. А когда брокеры ещё помогают купить жилье, берут ещё деньги за эту сделку – не менее 200 тысяч. Здесь тот самый случай, когда семь раз отмерь, 1 раз… оформи ипотеку!

У любого человека теоретически есть риск лишиться работы и потерять жилье, купленное в ипотеку. Риск всегда существует при покупке жилья в кредит. На практике эта беда коснулась миллионов людей. Но разве это кого-то остановило? Как только банки стали выдавать ипотечные кредиты в массовом порядке, люди тут же начали хватать их как горячие пирожки.

**Контакт и адрес нашего офиса в Махачкале: г. Махачкала, улица Гаруна Курбанова, 44а, номер телефона: 84999554397.**

# ХОРОШАЯ ДЕВОЧКА

В последнее время люди все чаще обращаются за помощью к психологам, чтобы понять причины своих  трудностей и научиться с ними справляться.  Но мнения специалистов бывают неоднозначны и зачастую противоречивы.
Предлагаем вам советы психолога Алины Каммаевой на актуальную тему воспитания девочек.

**В психологии существуют термины «хороший мальчик», «хорошая девочка». Сегодня поговорим о хорошей девочке…**

**Ко мне обратилась молодая женщина, 27 лет, замужем.**

**Есть ребенок. Всю жизнь пыталась быть хорошей дочерью, сестрой, подругой, женой, невесткой и т.д. А в итоге стала для всех удобной.**

*Хороших девочек очень любят взрослые.* Воспитатели в детском садике, родители, учителя начальных классов. Скажешь хорошей девочке доесть до конца суп или кашу – она доедает, давясь, лишь бы не расстроить взрослых.  А потом, во взрослой жизни, она не понимает, откуда у нее  лишний вес и привычка есть больше, чем нужно телу. Не слышит она свое тело,  не приучена. Приучена заглядывать в глаза воспитательнице:  я сыта или еще нет?

*Хорошая девочка учится на одни пятерки, четверка для неё – трагедия.* За годы учебы она так привыкает ориентироваться на оценки других, что и дальше по привычке живет в нервном ожидании: как меня оценивают? Что обо мне говорят?  Все ли считают меня хорошей? Девочка хочет получать от мира пятерки, как в школе. Но взрослый мир устроен иначе, он скуп на похвалу и щедр на тумаки. Девочка страдает и пьет успокоительные, если не что-то покрепче.



*Хорошая девочка старается быть удобной для окружающих, самой удобной, удобнее, чем разношенные домашние тапочки.* Угождает, заботится, жертвует собой. Вот только жертвы эти часто не только не ценят, но и считают признаком слабости. И пользуются ими, не стесняясь, что уж тут говорить! Столько хороших, порядочных девочек, воспитанных в идеалах жертвенности, получают в мужья бездельников, тунеядцев и альфонсов. А те, не стесняясь, едут на жёнах, да еще и кнутом погоняют.

*Хорошая девочка приучена терпеть.* Не отвлекать взрослых от их важных дел своими пустяковыми проблемами. Послушно ждать, когда на неё обратят внимание. Она так привыкает терпеть, что это становится её второй натурой, образом жизни – находить страдание даже там, где его нет. Даже диван себе новый купить девочка не может годами, просто не замечает того, как ноет у нее спина и шея от неудобного спального места. Просто свыклась со страданием как с необходимостью.

И она откладывает себя, свои мечты, свои нужды и проблемы на второй план...

И многие этим пользуются… Пользуются ее неумением говорить  НЕТ!!

**Иметь хороших детей – очень удобно для взрослых. Хорошие дети, как цветы в горшках, расставленные по подоконникам, радуют глаз.  Но для жизни быть «хорошим», увы, очень плохо. От «хорошести» потом приходится долго и с усилием избавляться.**

**Так что лучше пусть уж они не будут удобными. Зато будут смелыми, умеющими за себя постоять, знающими свои желания, потребности и границы. Пусть привыкают оценивать себя сами, а не заглядывать в глаза учителям.  Пусть, если нужно, грубят и дают сдачи. Пусть не будут хорошими. Пусть будут счастливыми …**

**Алина  КАММАЕВА**

# ЧАЛТУК-АХМЕД

(кумыкская сказка)



Жил на свете бедняк по имени Чалтук-Ахмед.

Не было у него никакого добра, а только одна старая, хворая лошадь. Чалтук-Ахмед жалел свою лошадь. Целых две недели он не работал на ней, а по ночам пускал в поле на травку.

Но две недели прошли, а лошадь ничуть не поправилась. Она стала совсем тощей, и на спине у неё появились болячки.

Встревожился Чалтук-Ахмед. Решил всю ночь в поле караулить.

Вот пустил он лошадь пастись, а сам спрятался за большой камень.

Когда настала полночь, пришли дикие звери: волк, медведь, кабан и лиса. Они, оказывается, играли с лошадью, по очереди взбирались к ней на спину, царапали её когтями.

Не стерпел Чалтук-Ахмед. Выскочил из-за камня и переловил всех зверей. А звери испугались и стали просить, чтобы он отпустил их на свободу.

Волк сказал, что пригонит Чалтук-Ахмеду большое стадо овец. Кабан обещал вспахать его поле, медведь – показать в лесу старое дерево, в дупле которого полно мёду. Одна лиса ничего не пообещала. Она сказала только:

– Я худа и мала. Что тебе за польза, если ты меня убьёшь? Ты отпусти меня, быть может, я пригожусь тебе в трудный час.

Чалтук-Ахмед подумал-подумал и отпустил их всех.

На следующий день волк пригнал во двор Чалтук-Ахмеда стадо овец.

Кабан в свой срок вспахал клыками его маленькое поле.

А там и медведь пришёл и стал звать Чалтук-Ахмеда за мёдом.

Чалтук-Ахмед взял с собой топор, бурдюки для мёда и пошёл с медведем в лес.

Завёл его медведь в лесную чащу, нашли они старое дерево, из дупла которого сочился душистый мёд, и тут медведь сказал:

– Вот теперь я тебя задушу и съем!

Обомлел Чалтук-Ахмед от страха и выронил топор, а медведь давай душить Чалтук-Ахмеда.

Вдруг слышат они, что кто-то зовёт:

– Чалтук-Ахмед! Чалтук-Ахмед!

– Здесь я! – откликнулся тот, узнав голос лисы.

– Чалтук-Ахмед, не видел ли ты медведя? Сюда идут охотники, им нужна медвежья шкура.

Медведь испугался и шепнул Чалтук-Ахмеду:

– Скажи, что не знаешь, скажи, что не знаешь!

– Не знаю! – крикнул Чалтук-Ахмед.

– А это что перед тобой? – спросила лиса.

– Скажи – чурбан! Скажи – чурбан, – зашептал медведь.

– Это чурбан! – ответил Чалтук-Ахмед.

– Разве у чурбана бывают уши? – спросила лиса.

– Скажи, что это сучья! Скажи, что это сучья! – прошептал медведь.

– Это сучья! – крикнул Чалтук-Ахмед.

– Тогда возьми топор и ударь между ними покрепче! – приказала лиса.

– Возьми топор и ударь легонько, милый Чалтук-Ахмед! – заплакал медведь. – Я никогда не забуду твоей доброты.

– Нет, не верю тебе! – сказал Чалтук-Ахмед. Размахнулся и ударил медведя.

Тут вышла из кустов лиса. Набрали они с Чалтук-Ахмедом полные бурдюки мёда и пошли домой.



Августович Алексей Иванович. Натюрморт «Цветы», вторая половина XX века, холст, масло, 60,5х50 см, КП-12649, Ж-1185





# БАЛЪГОЯБ ЧIИНКIИЛЛЪИ

Буго Дагъистаналда цо хIикматаб, тIаде чи цIалеб бакI – «Дагдизель» заводалъул 8-абилеб цех. Гъеб бан буго 30-абилел соназ торпедабазул хIалбихьиялъе гIоло. Гъеб биххун хутIарал бакIал, ракъдаллъиялдасан ралагьани, рихьула Каспий ральдалъ. Гъеб бакIалъ гIажаибаб асар гьабула: рикIкIадасан ралагьаразда ккола, лъедон ани, хехго гьелда аскIоре щвелилан. Амма хIакъикъаталда гьедин гьечIо – гIажаибаб хъалаялде аскIобе буго гIага-шагарго 2,7 км. Гьелъул халалъи буго, тIогьилъиялде щвезегIан – 42 метр, кинабго площадь абуни – щуазарго кв метра. Цехалъул лъелъ бугеб бутIаялъул буго метраги бащадабги. Гьеб ккола цо хасаб Каспий ральдал символ. Гербалдацин бахъун буго гьеб.

Гьеб дагъистаналъул «форт Бояр» бихьарав чиясул рижулел ратила суалал: гьаб щиб чIинкIиллъийилан? Кисан бижараб хъала гьебилан. ЛъелъгIаги щай бан букIарабилан. Жавабал кьезе кIола цохIо заводалъул ветераназда ва «Дагдизелалъул» музеялъул хIалтIухъабазда.

Цехалъул кьучI, лъелъ бугеб бутIа, гьабун букIун буго ракъдаллъиялда. Цо хас гьабун бухьараб гвандиниб гьабун букIарабила маххул тIад бетон тIураб хъалаялъул кьочIое бугеб байбихьул бутIа. Хадуб гьеб бехъерхъун буго ральдалъе. Гьениб 13 м гъварилъиялда хIадурун букIун буго гьелъие «къандалъо» - тIиналда, ганчIил цIезабураб, гъварилъи (хандакъ) Цех хIалтIизабулеб букIана цо батIаго гуми чIолеб бакIги бугеб порталъ ва кIиго (молами)

Телефоназдасан абулаго, балъгояб бакIалда цIар абулаан «павильонилан». Хадуб гьенире рачIарал ленинградалъул инженераз гьелде абулаан Тамарал хъалаян яги гIадатго Тамарайилан – гьеб здание рельълъараб букIана хъалаялда.

Гьеб чIинкIиллъиялда рукIана электростанция, хIалтIухъабазе жанир чIезе бакIал, столовая, кинотеатр, библиотека. Подвалалда рукIана волейбол ва баскетбол хIалел бакIал. Гьенир ругел рукъзабахъ гIумру гьабизе бегьулаан 60 чияс. ТIогьиб бугеб бакIалде 9 этажалъул вышкаялде рахунаанила лифталда.

20 сональниги хIалбихьанила гьениб торпедабазул. Рагъул соназ немцаз хвезабун гьечIо гьеб цех, самолетаздасан халлъун букIаниги: фашистазда ракIалда букIанила гьеб бахъизе ва жидеего хIалтIизабизе. Амма гьезул жо ккечIо.

1960-абилел соназ, торпедаби гъварилъуда рукIунел рукIиндал, цех бугеб бакIалъул гъварилъи гIолеб букIинчIо гьезул хIалбихьиял гьаризе, гьединлъидал гьел батIиял станциял ругеб бакIалде гочине ккана.

Цо заманалъ цех хIалтIизабулеб букIана экранопланчагIаз – экранопланалъул хIалбихьи гьабулез – балъгояб тIагIел – торпедоносец боржунеб букIана ральдада яги ракъдада тIасан, чанго метраялъул борхалъиялда, локаторазухъе щолареб борхалъиялда. РечIчIулел торпедаби цехалъул корпусалда щвеялъ, гьеб жагъал гьабун букIана, къобахъанагIан гьеб жагъал гьабулеб букIана карачалабазги, цIорол кесказги. ТIадежоялъе ккана цIаги, ва гьелдаса хадуб цех тIубанго биххизе лъугьана.

1966 с. хадуб цех хIалтIизаби жибго тана, 1976 соналъ абуни, документал тIагIинаруна ва гьеб охранаялдаса бахъана. 90-абилел соназ «фортеялда» ресторан, казино, гостиница гьабизе къваригIарал рукIана, амма КГБ-ялъ гьеб гьукъана.

Балъгоял бакIазде раккаризе бокьулел, аскIоса гIебеде ругел, гьелъул хIал лъалел чагIиги рачун, жанире хал-шал гьабизе унаан цо-цо. Амма гьанже, хIинкъи букIиналдалъун, гьенире жанире ине гьукъун буго.

**Гульнара АСАДУЛАЕВА**



# ГЬЕБ БУКIАНА БИЩУН БЕЦIАБ СОРДО

I999 сон дагъистаниязул ракIазулъ хутIана захIматаблъун. Июналда ва августалда ккана яргъид гIуцIцIарал боевиказулги, къватIисел хIукуматаздаса рачIарал террористазулги, дагъистаналъул милициялъулги тIоцересел тунка-гIусиял.

Гьеб заманалда бухьеналъул гарцIил (узел связи) начальниклъун хIалтIулей йикIарай Полина Халиловалъ кIиго къоялъ гьоркьоса къотIичIого бухьен чIезабун букIана Новолакалъул РОВДялъеги, Липецкалъул ОМОНалъеги, ополченцазеги Москвагун ва МахIачхъалагун.

– Исана къоло щуго сонищ тIубалеб? – абун гIажаиблъана Полина Шамсутиновна, гара-чIвариялъул байбихьуда. Гьал арал соназда жаниб гьелъие лъугьараб кIудияб хиса-басиго гьечIоан. Цебего гIадин сабурай, хIеренай, берцинай ва гIумру бокьулей чIужугIадан, гьелъул къвакIиялъул ва бихьинчилъиялъул I999 соналъ лъана тIубараб пачалихъалда.

Къоло щуго соналъ цебе ккаралъул хIакъалъулъ гьелъ журналистазе гIемер бицана, амма гьанжеги гьел захIматал, хIинкъарал къоязул бицунаго, гьей лъалаго рахIат хун лъугьуней йикIана, цIидасан ракIалде щолеб букIана щибаб лахIзат.

Бихьулеб букIана гьелъие гьеб ракIалде щвезе бокьулеб гьечIеблъи, амма гьелда гьеб кинабго мухIканго ракIалда бугоан. Амма чан сон гьелдаса нахъе арабали, гьелъ пикруцин гьабун гьечIоан.

Нижерги Полиналги дандчIвай букIана гьелъул кабинеталда, гьей хIалтIулей йигей «Непоседа» абураб ясли-ахалда. Гьей гьений хIалтIулей йиго терроралдаса цIуниялъул ва хозяйствоялъул рахъалъ директорасул заместительлъун.

У, гьеле гьедин гIодое йиччан ва сабурго гIумру гьабулей йиго нилъер бахIарчIужу – 2000 соналъ «За мужество и храбрость, проявленные в боевых действиях» Пачалихъияб шапакъат щварай, I999 соналъул рагъулал тункагIусиязул гIахьалчIужу. Гьеб орден каранда бана ва жиндир цIаралда сагIат сайгъат гьабуна Полина Халиловалъе живго Владимир Владимирович Путиница.

– Кинабниги дун президентгун дандчIвна 4 нухалъ, Кремлялде унеб Дагъистаналъул правительствоялъул делегациялъул член хIисабалда.

Полина Халиловна гьединго «За заслуги сохранения родной земли и сближения народа» абураб медалалъеги мустахIикълъана. Гьелдаго цадахъ гьеб медаль кьуна тIоцере ярагъги босун ВатIан цIунизе рахъарал 33 ополченцасеги. Гьел киналго шапакъатал руго I999 соналъ ВатIан цIунизе гьей жиндирго гIумру кьезе хIадур йикIиналъухъ кьурал.

Гьелъул хьул буго, хъачагъал щущахъ риххизаруралдаса къоло щуго сон тIубай гьабулеб соналъ, цоги нухалъ пачалихъалъул бетIергун дандчIвазе.

Щиб хисараб 25 соналъ гьелъул гIумруялда жаниб? ТIубан кинабго хисана. Россиялъул ва Дагъистаналъул мустахIикъай бухьенчIужу (связист) Полина Халилова ана мустахIикъаб хIухьбахъиялде, Новолакалдаса яхъана лъарагIлъиялде, ЦIияб Кулиялде.

Гьей ккола талихIай эбел, кIудаэбел. Гьелъул яс йиго подполковник МЧС, вас – подполковник МВД. Доб соналъ ккараб лъугьа-бахъиналъ кIудияб асар гьабуна васасе, гьединлъидал бищараб буго гьес жиндиего гьединаб хъулухъ. I3 сон барав васги вачунлъидал I999 соналъул 5 сентябралъ Полинаца хIаракат бахъараб хъачагъаз сверун ккураб районалдаса къватIие йорчIизе.

– Дун йорчIана кьвагьулеб яргъил гьаркьихъе. Васги ворчIизавун, къватIие яхъана. Сверухълъиго цIун букIана яргъид гIуцIарал хъачагъазул. ГIадатял гIадамал районалдаса къватIире риччазе «коридор» кьун букIана. Гулби рукIана ботIродасан роржанхъилел. Нижеда якъинго бичIчIана хъачагъаз росу сверун ккун букIин. Бухьеналъул гарацI бугеб бакIалда аскIосан унаго дида ракIалде ккана ток кьолеб генераторги аккумуляторги свинабун лъикIилан. Васасда дица абуна: «Киназдаго цадахъ а, дир вас. Дун хIалтIуда щиб бугебалиги бихьун, нужеда хадуй гьела», – ян. Къаси хIалтIуда йикIарай телефонистка Залму ятана дида гьений. Нижгун гьенир хIалтIулел Рашид Къадиров ва Расул ТIегуевги

щвана тIаде. ТIубараб росулъго ток букIинчIо, амма дида генераторги аккумуляторги бакизе кIвана, цинги телефоналги хIалтIизе лъугьана. Бищунго цее дун кIалъана милициялъул начальник Муслим Дахадаевасухъе ва районалъул ФСБ-ялъул начальникасухъе. ГьебсагIатго нижехъе кIалъан рачIана Россиялъул генералал Казанцев ва Колесников, Дагъистаналъул жанисел ишазул министр ГIадилгерей МухIамадтIагьиров, МахIачхъалаялъул Киров районалъул нухмалъулев Анвар Исрапилов. Гьез дир ракI гIодобе биччазабуна ва кватIичIого кумек тIаде щвезе бугилан абуна. Москваялде, бугеб ахIвал-хIал бицун, районалъул ФСБ-ялъул начальникги кIалъалаан.

Республикаялъулги районалъулгинухмалъулезе рес букIана нижгун кидаго бухьеналда рукIине, нижер къокъаялъ гьоркьоса къотIи гьечIеб бухьен чIезабун букIана. Гьедин ана хIалуцараб къо, нижеде ирга щвечIо хъачагъазул, хадуб бачIана сордо! Гьединаб бецIаб сордо дида я гьелда цебе, я гьелда хадуб бихьун букIинчIо! Бихьулеб жо щибго букIинчIо, цIагун роржунел гуллби гурони. Гьеб заманалда гьениве ниж кватIире рачине вачIана МВД хIалтIухъан. Дир ракIчIун букIана РОВДялде щведал хIухь бахъизе бегьилин, кисаха! Ниж кватIире рахъунаго лъана РОВД сверун ккун букIин ва кинабго рахъалъан речIчIулеб букIана. Нижер мина аскIобго букIана.

Муслим Дахадаевас абуна: – Нилъ гьабсагIат кватIире лъугьине руго, амма дун нужеда хIинкъун вуго, боевиказул руго къаси нилъ рихьулел дурнаби. Гьезда къокъаялъулъ руччаби рихьани, гьез нуж снайпералин тола. Щибдай гьабун лъикI?

Нижеда ракIалде щвана гьениб подвал букIин, нижеца гьениб солярка ва цогидаб гIиси-бикъинаб жо цIунулаан.

Ниж тIад руссана нижерго минаялъуре, нуцIиги рахана, хIинкъунги рукIана. БотIролъ цо жо кIетIолеб бугилан кколаан. Ниж сихIтун гIодор чIун рукIана. Хъачагъал нижер минаялда жанире лъугьана. Гьез щвараб жо гъурулеб букIана, автоматазул прикладаз подвалалъул нуцIа бухулеб букIана, амма ниж ругеб бакIалде гьел раккичIо. Дица Залмуда абуна, гьале нилъер ахир абун, гьелъ дун чIезаюна: – Дуца бицунеб щиб? Нилъер лъимал руго! Нилъ чIаго хутIизе руго!

Нижеда рагIана хъачагъаз гаражалъуса цIияб «Газель» машина бикъун унеб. Сордо рогьинегIан кьвагьа-гIанхъи къотIичIо. Радалалде цодагьаб гIодобе биччай лъугьана. Ниж бигьа гьабун, лъиданиги рихьилареб куцалда, кватIире рахъана ва Хасавюрталъул рахъалде балагьун унел рукIана. Росу биххун букIана, боцIи букIана кватIазда тирулеб… Гуллби рукIана ботIрода тIасан дорегьанире роржанхъулел…

Цо азбаралъусан нижеде данде вачIана хъачагъ. Щал нуж абун гьес гьикъидал, нижеца абуна ниж ругин сон инчIого хутIарал росдал гIадамал абун. Гьес ниж, къадал ракьандасан аян, риччан тана.

Полина Шамсутиновналъ цоги нухалъ тIад юссун бицана, РОВДялъул цониги хIалтIухъан, I4 къоялъ бергьенлъи босизегIан, хIалтIудаса инчIилан.

– Ниж росулъа кватIире рорчIана, Новолакалъул РОВДеялъул хIалтIухъабигун цадахъ. Гьезул начальник Муслим Дахадаевасул буюрухъ букIана ниж лъикI цIунеян. БахIарчиго ва нахъекъай гьечIого тIубалеб букIараб гIолохъабаз буюрухъ.

Гьезул къвакIиялъги, гIодоре риччаялъги, бихьинчиялъги, гьезул жидерго гуребги, нижерги ва хъачагъаз сверун ккун букIараб Липецкий ОМОНалъулги гIумру хвасар гьабизе кIвана.

Абизе захIмат буго нилъер кинаб къисмат ккелеб букIарабали, доб заманалъ Новолок районалъул гIадамаз жидерго бахIарчилъи ва ватIан бокьи бихьизабун букIинчIебани.

– Ниж нахъеги росулъе тIадруссана, гьениб букIана ополченцазул штаб. Нижер гьари букIана рагъулъ гIахьаллъи гьабизе ниж риччаян. Гьеб мехалда дида лъалаан вас берцинго дир вацасухъе Кизляралде щвезавун вукIин.

Гьелда ракIалде щвана, гьеб къоялъ Дагъистаналъул бухьен гIезабулеб министерствоялъ, хIалтIухъабиги ритIун, Полинал эбелинсул рокъоб УТК абулеб бухIен чIезабулеб аппаратура лъураблъи.

– Гьеб аппаратальъ дица, район хъачагъаздаса эркен гьабизегIан, гIадамазулгунги рагъул нухмалъулезулгунги бухьен чIезабун букIана.

Жеги къого соналъ гIолохъанай йикIарайани, дун некIого СВОялде унаанилан абуна нилъер бахIарчIужуялъ. Гьелъул хIалтIухъан Заремацаги тIаде жубана, Полина Шамсутиновналъ ва гIемерисел ЦIияб Лак районалъул руччабаз жидерго харжалъул цо бутIа СВОялда ругезе кваригIарахъе ва хIажаталъе хвезабулин.

***Полина Халиловна гIадал гIадамал ругони, нилъер пачалихъалда кIола бокьараб тIаде ккараб къо борхизе.***

**Виолетта РАТЕНКОВА**



# ГІАДАТЛЪИЯЛЪ ТІАДЕГІАНЛЪАРАЙ



Анасидасан бачIараб Аварагасул (жинда Аллагьасул салат-салам лъеяв) хIадисалда буго «Жиндир бетIергьанчи хун хадуб лъималги гIезарун рокъой чIарай чIужугIаданалъе Алжаналда дида аскIоб бакI букIина» - ян. Цо-цо цIаларал чагIаз гьеб хIадис загIипаблъун рикIкIаниги, амма дидаго гIумруялда гIемер рихьана руччаби жидеца унго-унголъунги лъималазе гIумруги бичун, Алжаналъул бищун тIадегIанаб тIала жидее мустахIикъал.

Гьединаздасан цояй йиго Хунзахъ районалъул руччабазул советалъул председатель, лъикIай инсан, сабураб гьимиялъул, намусаб гIамалалъул унго-унгояй магIарулай, Гъонохъ росулъа ПатIимат Набиева. Дагъистаналъул чIужугIаданалъул ассиллъи бихьулей инсан рехсеян абуни, дида бищун цее ракIалде ячIинаан ПатIимат.

Хъизаналъул соналде дур хIакъалъулъ хъвазе бокьун бугин абидал, гьей намуслъана, «жиндир гIадаб тIубараб гуреб хъизамалъул хъвай битIараб букIинадаян».

ГIолохъанго бетIергьанчиги хун, кIигъеж гьабун хъизамалъул ургъел баччизе ккарай чIужугIаданалъ гьедин аби кутакалда гIадлъана дида, реццалъе гIоло церехъахъдулезул гьаб заманалда.

ПатIимат МухIамадовна ккола «Дагъистан Республикаялъул мустахIикъай экономист», пачалихъалъул БетIерасул Баркалаялъул кагъаталъул, Республикаялъул тIалъиялъул ва Руччабазул советалъул ХIурматалъул грамотабазулгун, рикIкIен гIемерал шапакъатазул бетIергьан. Амма гьелъ жиндирго гIумруялда бищун ракIалда чIараблъун ва кIвар бугеблъун рикIкIунеб буго, руччабазулгун хIалтIи бачунаго, жиндаго ригьин биххиялдаса цIунизе кIварал хъизанал. Гьанибги ПатIиматилъ маслихIатчIужуялъул гьунар загьирлъана. ХIакъикъаталдаги, журналистикаялде дун ячIарал дол рикIкIадал кIиазарабилел соназ ниж цадахъ гIемерго хьвадулаан росабалъе ва бихьулаан Набиевалъул щибай чIужугIаданалъе букIунеб хIалрекъезаби, гIаданлъи бугеб, берцинаб кIал кIалъай. РукIана дол ниж гьоболлъухъ щваразда гьоркьор лъикIаб хъулухъ-пишаялдаги рукIун, гьанже рокъор чIеялъ жалго хIажат гьечIеллъун, кIочон тараллъун бихьулел руччабиги. Щуго минуталъ ПатIиматица гьуинаб хабар бициндал, ригьа-ричун рачIун, араб ракIалде щвезабун, релъа-рохун лъугьунаан гьел. Гьеб гурищ инсанасулъ гIаданлъи букIинги чи вичIчIиги?!

МокъокъиДа расенгIан рекъараб буго ПатIиматида гьеб руччабазда, хъизаназда гьоркьоб хIалтIи бачунеб Руччабазул советалъул председательлъиги (1986 соналдаса нахъе!) бажарун, лъаялда ва жиндиего хасиятаб мухIканлъиялда бачараб букIана гьелъ Самилахъалда мугIалимлъун, районалъул лъайкьеялъул отделалда бухгалтерлъун, ЦIада ОПХялда кIудияй экономистлъун, хадуб райисполкомалда плановияб комиссиялъул председательлъун, цинги, 1991 соналдаса байбихьун 2023 соналъ мустахIикъаб хIалхьиялде инегIан – районалъул экономикаялъул отделалъул председателасул хIалтIиги.

ХIалтIулал бергьенлъабазул бицеян дица гьаридал, ПатIиматица жиндирго намусаб гIамалалда рекъовухъе, дие реццана, жиндие цадахъ хIалтIизе икъбал ккарал гьалмагъзабиги, руччабигун хIалтIи гIуцIиялъе квербакъарал сахаватчагIиги. ХIалтIулаб заманалда микьго хисарал нухмалъулезда гьоркьоса хасаб рекIел хинлъигун ракIалде щвезаруна ПатIиматица райкомалъул тIоцевесев секретарь ГIамирханов МухIамад, батIи-батIиял

соназ нухмалъуда рукIарал ХIажиев Шихмирза, Дарбишев МухIамад, ГIумаров Наби. Бищун цIикIкIун, 8 соналъ цадахъ хIалтIарав ГIисаев МухIамад районалъул нухмалъиялда вугел соназ республикаялъул социалиябгун экономикияб цебетIеялъул къецалда анкьго нухалъ босун букIун буго Хунзахъ районалъ тIоцебесеб ва кIиабилеб бакIал. АскIоре рачIаразул къваригIел тIубазе хIадурав, хIалтIулъги жамгIияб гIумруялъулъги жиндие кумек кIудияв, ракIалдаса ине гьечIев чи вукIанин гьевилан рехсана ПатIиматица. (Районалъул улбул данде гьарун МахIачхъалаялдацин гьарулаан доб заманалда дандеруссиналги руччаби кIодо гьарига-авт.)

Дагъистаналъул руччабазда гьоркьоса бищун гIакъилалги, гIадамазе кумек цIикIкIаралги лъаялдасаги лъугIулареб чIухIи бугоан ПатIиматил. Мунагьал чураял ХIапизат ХIамзатоваги, бокьарав тIоцее жий йихьулев чиясулги рекIелъе йортулей Фазу ГIалиеваги, киналдаго ва киназдаго ракI унтарай Интизар Мамутаеваги… кинаб тадбир гьабулеб бугониги хьолбохъ ратарал, бажарарал районцоял руччаби: РахIмат ГIалиева, Хатимат ХIажиева, Жамилат МухIамадова, БакьагьечIиса Ленинил орденалъул кавалер СагIадулаева ПатIимат, ЗАГСалъул нухмалъулейлъун гIумруялъ хIалтIарай ГIумарова Аймесей, жидер мунагьал чураял ТIанусиса Хъазанбиева Хъандулай, Хунзахъ рукъарулеб цехалъул нухмалъулейлъун йикIарай ГIалибегова Урузманг, ГIободаса Сабигат Гунащева, БакьагьечIиса ПатIимат Ахъаева, Уздалросулъа «Эбелалъул» орденалъул кавалерал ГIабдусаламова ПатIиматги Гереева Аминатги. Гьел ахиралда рехсарал руччабаздехунги ПатIиматил цIакъго тIадегIанаб адаб-хIурмат бугоан, гьез жидерго 4-5 лъималазде тIаде хьихьизе рачун гьебго къадаралъул бесдалал гIезарулел рукIиналъ.

ПатIиматихъ гIенеккидал, ракIалде кколеб букIана «гьай гIажаибай инсаналъ киналго реццизеги, цIарал рехсезехъинги ругин, цо жийго хутIизегIанилан». Гьединлъидал, дица тема хисун ПатIиматида гьикъана гьелъул хъизаналъулаб гъанситодул.

– Микьго ва ич1го сон барал кIиго ясги кодой ккун хутIана дун къороллъуда. Пачалихъалъул политика цоцалъа бахъулеб, захIматаб 1995 сон букIана гьеб… Амма гьедин ккунилан дун къисматгун къацандичIо. РакIалдецин кколароан эмен нахъе гьечIолъиялъ дир лъималазе лъица бугониги кумек-квербакъи гьабизе кколин, ясалги рукIана дир гьитIинго бичIчIи бижарал, тIокIлъиялъе жо дидаса тIалаб гьабуларел, «Эбел, гьаб гурде жеги басралъун гьечIо, цIияб босизе гIедегIуге» – йин дир ракI батизабулел дарманзаби.

ГьабсагIат цIикIкIарай Зарема хIалтIилей йиго МахIачхъалаялъул школалда ингилис мацIалъул мугIалимлъун, гьитIинай Халун гIумру гьабун йиго Турциялда.



Аллагьас, чан захIмалъи бихьаниги, кидаго кумек гьабуна, рехон течIо, альхIамдулиллагь. ХерлъизегIан нахъа рукIана умумул, кумекалъе ратана яц-вацал, гIагарлъи. Дирго къисматалдаса дун цо параялъцин рекIекълъичIо.

Балагье, рагъдаса россал руссинчIел гIумруялъ гьезухъ балагьун чIарал, къварилъаби-захIмалъабиги къезарун лъимал хIатIазда рахъун чIезарурал магIарул руччабазухъ. Гьезие диеялдасаги захIмат букIинчIищ?

***ГIажаибай магIарул чIужугIадан чияр къварилъи жиндирголъун бихьарай, жиндего бачIараб гIорлъун къулчIарай…***

***АскIове вачIарав чиясухъ гIинтIамулей, гьезда хIеренго гурого кIалъаларей, хIалтIулъги жамгIияталдаги жий ракIалдаги чIарай, инсанасулаб гIадатлъиялъ сундулъго жий тIадегIанлъарай инсан йиго Набиева ПатIимат.***

***Дицаялдасаги лъикI гьелъие къимат Турциялъул Кемералда йигей гьелъул яс Халуница кьела. Гьоркьехун бахъулеб буго гьелъул эбелалъе гьари-рахьиги:***

*Киназего гIадин, дунялалда бищун хирияб хазина диеги эбел ккола… Гьелъул хIакъалъулъ бицине миллион бищун хIереналги, берциналги, мустахIикъалги рагIаби тIаса рищаниги, кIвеларо дир гьелде бугеб рекIел асар бичIчIизабизе… Дир эбел йиго бищун ракI лъикIай, ритIухъай, хIеренай, сабурай ва гьелдаго цадахъ къуватай. Дун чIухIула ва йохула гьелдаса. Дильги яцалъулъги гьелъ куцараб аслияб гIамал ккола ракIбацIцIалъи, гIаданлъи ва чилъи.*

*ГIаданлъи бугев, ракI лъикIав чи къуватав инсан ккола малъулаан гьелъ кидаго. Дица лъугIи гьечIеб баркала кьола эбелалъе, рукъалъул хIуби – эмен нахъа гьечIолъи лъазе течIого, ниж гIезаруралъухъ, лъикIаб тарбиягун цIали-лъайги кьун, гIумруялде тIоритIаралъухъ. ГIодоре къулун къочула эбелалъул кверазда…*

***Гьалеха доб жамгIияталъул унго-унгояб кьучIлъун кколеб хъизан. Цоцазул адаб гьаби, цоцазда ричIчIи ва цоцаца цIуни… Гьеб киналъулго хъаравулги, насихIатчIужуги, щулалъул сиги – гIадатай магIарулай ПатIимат, къварилъиялъ къуркьичIей, халкъалъ адабалда жиндир цIар рехсолей, къанагIатай.***

**Фатима МУХIАМАДОВА**



## ГъазимухIамад ГъалбацIов

# Гьал цо мугIруз буго квалквал гьабулеб...

### Дирго рекIел тIинде дун ваккула щибаб радакь

Ворчlаравго дица хIисаб гьабула цебесеб къоялъ кканщинаб жоялъул. БухIун хъалиянги батула, гьекъон гIаракъиги батула, цо лъида бугониги бадибе рагIиги абун батула. Гьебгощинаб, яги гьелда релълъарабщинаб жо цебесеб къоялъ гьабун батарабго, дирго дидаго щцинги бахъуна. Цо гьитIинаб, гIажаибго бацIцIадаб, щибали лъалареб жо бачIуна рекIел тIиналдасан баккун… НамусгIаги батила. Гьеб жо лъугьуна дие мекъдаризе…

*– Я, гьудулха, дагьабниги яхI букIине ккеларищ? Дуца сонги хъалиянги бухIана, гIаракъиги гьекъана, гIемерав гаргадизеги гаргадана, бицинчIониги бегьулеб букIанщинабги бицана. Мун вуго гьабсагIаталда мутагIиллъиялдасаги ворчIун, мугIалимлъунги вахъинчIого – цо жо букIине ккеларищ, гIабдал гурелъул…*

Гьебгощинаб жо рекIел тIиналда бугеб жоялъ бицунеб мехалда, аскIоб эхетун гIенеккун чIун букIуна илбис. Гьеб илбисалъ абула гьадинан:

*– Аллагьас мун ракьалдеги виччан вуго гIумру гьабизе, гьеб гьабулев мунги вуго. Шагьаралда гIадамал рекъдилел ратани, рекъдилаго хьвадейилан абун буго. БитIараб гьабулеб буго дуца… Щибха гьанже, гьоболлъухъ вачIарав чиясда цебе шишагойищ лъелареб, банкет–жоялде къватIивего вахъинчIогойищ вукIинев? Дуцаго хIисаб гьабе, гьекъоларел, рацIцIадал гIадамазда гьоркьов чан хIалихьат вугев? КантIарал чагIийилан гIадамаздаги ккезабун, гьез гуккулел ругелщинал гIадамазул хIисаб гьабе. ХIеж борхизе заман щвараб мехалда гIинтIамун чIа, диниял гIадамазда гьоркьоб долларазул бахъунеб шуршуралъухъ. БетIергьанас дуе гIумру кьун буго рекъезабун бачине. СанагIалъи бугеб бакIалдасан, санагIалъи гьабе, гьереси бицине кколеб бакIалда, гьереси бице – дурги ругелъул хьихьизе кколел гIадамал. Дуца пикру щай гьабулареб, чан чиясе мун вокьуларевали? Бищунго вокьизе кколел гIадамазе – хъвадарухъабазеги, журналистазеги, артистазеги*

*вокьуларо мун. Дуе щай гьел рокьизе кколел, дуеги рокьуге, лъикIал ругилан абе гьезда аскIоб, амма – дуе гьел щай? Рекъезабун баче...*

Илбис хIухьел цIазе тохлъарабго, гьанжесалаги кIанцIун бачIуна доб цо гьитIинаб жо, дун цIунизе лъугьуна:

*– ГъазимухIамад, тIалихI кьегийин, гIин тIамуге. Мун гъоркье реххулев вуго. Дуца гIемераб жо хъвазе ккола. Хъвадарухъабазеги, журналистазеги, артистазеги вокьаниги вокьичIониги тIахьал хъвай, макъалаби хъвай, пьесаби хъвай. Бугеб жоялда бугиланги абе. ХIалтIе. Какги бай, кIалги ккве, гIемерги гаргадуге, гьересиги бицунге, хIалихьалъиги гьабуге, батIиясе квал-квалги гьабуге, тIад рещтIараб кIкIарацин чIвазеги чIваге – дуца бижараб жо гуро гьеб.*

Гьанжеги баккун бачIуна илбис.

*–Дуе кьолеб дарс битIараб буго, амма нилъер заманалде данде кколароха гьеб. Дуда бихьуларогонищ бугеб боцIи бугев чиясул рилълъинцин батIияб букIунеблъи. ВукIинаха мун гIумруялъ лъицаниги цIалулареб жо хъвалев, хвараб мехалда, цадахъ хIалтIулев вукIарав чиясда ракIалде щаванани, газеталда мун хваниланги хъвала. Гьебищха дур гIумруялъул магIна? Дуда кколеб бугоха, гьабсагIаталда дуца хъвалеб бугеб жо гIакъилаб жо бугин, газеталъул тиражалъухъ балагьун гIемерав чиясги цIализе бугилан. ГьечIо. Ращдазцин цIалуларо. Дур гIадаб гIакъиллъиги гьаб дунялалда цIакъ гIемераб бихьана. Мун вуго мунго дуцаго гуккулев. Нилъер миллат нахъе ккун бугеб куцалъухъ валагье, гьелъул жагьиллъи бихьуларищ дуда? Дудаго сверухъе валагье цониги тIехь цIалулев чиго вугевищали, лъие щиб хъвалев мун вугев? Мун хвараб мехалда дуе гьабураб рецц–бакъалдаса, чIаго вугеб мехалда кванараб бакъвараб гьанго лъикI гурищ? Дурго гIадаб лага–черхалъул гIолохъабазухъ валагье – рекетлъи хIалел, гьезул бугеб адабги! Дур умумузул умумузул умумузгилъидал чабхъад хьвадун магIишат гьабураб. Дуца гьел какал ран рукIаниги, мун мехтун–вигьун вукIаниги, кантIаниги, кантIичIониги лъие къваригIараб жо? «Магъил ургъел гьабунин хIанчIил бохдул тIеренлъарал» – кинан гьабунги магIишат гьабе...*

Гьанжеги баккун бачIуна добго бацIцIадаб жо, дун цIунизе лъугьуна:

*– ГIинтIамуге, дур буго кIудияб, гъваридаб, гIакъилаб халкъ, гьелда жанив вижарав чи вуго мун. Жакъа дуда илбисалъ бихьизабулеб бугеб гIумруги кьоххода рекIараб цIа буго – пархун бачIун лъугIула гьеб. ГIемерисел ратичIониги, мунго гIадалги руго гIадамал, гьезухъ буго къуват лъиданиги бихьулареб. Мун гьелда божа. Мун божани, батIиялги божула. МалъгIанасеб спичка хъинтIунин гIалах гIанасеб рокъобе канлъи бачIунеб – хIинкъуге. ХIалтIе.*

Гьеле гьединаб бада–гъудур буго дир рекIел тIинда. Цо-цо мехалда намус илбисилан ккола, цо-цо мехалда илбис намусилан ккола.

КIиябго рекъезабун бачине Дагъистаналъул мугIрузги толеб гьечIо.

14.03.96





МухIамад БИСАВГIАЛИЕВ

# Дуда магIарухъ гамущ бихьарабищ?

Дир эбелалъул рахъалъан кIудада ЧIородаса ГIабдурахIимил МухIамад хвараб мехалъ дун жеги гьитIинав чи вукIана. АнцIго сон барав чи. Дида дов батIи-батIияв чIола цеве. РакIалда буго хаслихъе гIиял рехъенги цебе къотIун ЧIормутIалъул мугIруздаса гъоркье вачIинев… РакIалда руго гьесул харбал, какал, амма бищунго ракIалда чIана гьесул рокъоре ракIарулел рукIарал гIемерал гIадамал. Кутакаб махщел букIана кIудадал гIадамал хIайранлъиледухъ хабар бицине. ГIадамазеги цIакъ бокьулаан гьесухъ гIенеккизе. Бицунаан гьес бихьаралъул, рагIаралъул, мугIрузда бараб гIазул, ЦIоралде рукIарал сапаразул, гIадамазул, лъугьа-бахъиназул, хIикмалъабазул… ГIадамаз бицуна, гьесухъ гIенеккараб мехалъ, гьабсагIат жидеда цебе гьеб лъугьа-бахъин лъугьунеб бугеб гIадаб асар лъугьунаанилан.

КIудадал харбазул дида ракIалда чIана кIиго хабар. Гьебги дида дос бицунаго бичIчIун гуро, гьеб бичIчIизе гIураб бетIер букIинчIо дир доб мехалъ. Хадуб чIахIияз бицун. КIудада хун хадуб. Гьаниб дица бицине буго кIиябго лъугьа-бахъин.



Цояб – гьитIинав гIолохъанчи дир кIудада гьоболлъухъ араб бакIалда санагIалъи гьечIеб бакIалде ккеялъул ва цо кIудияв чияс хвасар гьавиялъул. КIиабилеб – дир кIудадаца, кIудияб ригьалъул чияс, гьединабго бакIалде ккарав жиндирго гIолохъанав гьудул хвасар гьавиялъул, гIемерал сонал ун хадуб. Гьеб бицуна гьале гьадин.

БитIун завалалде вахарав гIолохъанчи дир кIудада вугеб мехалъ, цо кьерхараб роол къоялъ, нуцIидаги кIутIун жаниве вачIуна цо чи, ва закаталазул мацIалда кIалъала:

– Гьаб щиб росу, дун ккараб бакI щиб? – илан.

– Гьабали ЧIорода бугин… Чуги хIобода бухьун жаниве вачIа, гьаниб ургъилин киве мун ккун вугевали, – йилан кIудадаца гьобол тIаде къабул гьавула. Гьев вукIуна гьоркьохъеб гIелалъул чи, магIарул гьава-бакъалде данде кколареб тIеренаб ратIилилъ. Гьеб ретIелги букIуна махIсун биччун, живгоги вукIуна квачан соролев. КIудадаца печги бакун рукъги хинлъизабула, бакъвараб хинаб ретIелги кьола, кваназеги гьавула, вегизе бакIги бихьизабула. Радал гьоболас абула, гьадинго тира-сверизе ва мугIрул гьава цIазе къватIиве вахъарав чи вукIанилан.

– Валлагь цIайха, гьудул, гьале дуе мугIрулги, гьале дуе гьаваги… Я кванил, я регизе бакIалъул гьаниб щибго ургъел гьабизе кколеб жоги гьечIо.

КIиго анкьалъ гьоболъиги бан, гIурухъе ун ччугIа ккун, магIарде вахун даруял хурдул ракIарун, рохьове ун гIиссинпихъ кванан, росу сверун гIадамазулгун лъай-хъваял гьарун вукIарав гьав, цо пуланаб къоялъ, хъун бурутIгун, гьанги белъун, гIиял хIанги цадахъ лъун, нуха регIула кIудадаца ЦIоралде.

Чанго соналдасан кIудадаги щола гьениве, хасалоялде рукъалъе квание къваригIараб-тараб босизейилан. РещтIуна Белканалда гIумру гьабун вугев жиндирго цевегосев гьобол Гъара Халилихъ. Гьал кIиялго гьалбал гурелги кIудиял гьудулзабиги рукIуна. КIудада вачIиналдаса вохарав Халилица тепси тIибитIула ва кинавниги кIудада лъалев щинав чи вакIарула гьелда сверун. Байбихьула магIарухъ гIумруялъул цIех-рех гьабизе. БитIун киналго данделъун лъикI рукIаго, тIаде вачIуна дов, магIарухъе вачIун вукIарав гьобол. ЦIарги гьесда Ширин букIуна. Киназего саламги кьун гьев столалда нахъа гIодов чIола. КIудада лъугьуна гьасда гьикъа-бакъаризе, рокъове лъикI щваравищ, иш кин бугеб рокъосан къватIисанилан. Ширин лъугьуна гьасие жиндир бугеб берцинаб рукъила, кIудияб ахила ва бугеб эркенаб гIумруйила жиндир ЦIоралда… Ва цинги гьаракь борхун тIаде жубала:

– Нуж щибизегIаги гьадал мугIрузда гIумру гьабун ругел? БетIер бугел чагIаз гIумру гьабулеб бакI гуро гури доб! Квешал нухалги, квачараб гьава-бакъги, гIисинал санагIалъи гьечIел рукъзалги, кин гьададинаб бакIалда гIумру гьабулеб? Я инжир бижулареб, я пихъмичI букIунареб, гIабдалзаби руго, – илан.

Бащдаб къоялъ чода рекIунилан лъабго къоялъ вилълъун бажаруларев кинавалиго къажарас жиндир ВатIаналде ва магIарулазде гьединал жал аби кутакалда квеш букIуна кIудадада, амма хIехьон вуцIцIун чIола. МагIарулазул цIар бахъизецин ихтияр гьечIев къажарасда, магIарул адабалги хвезаричIого, цодагьаб рекъовутIа киндай кIалъалаян ургъулев кIудада вукIаго, цIидасан долго жал рицине лъугьуна гьев Долдол Ширин. Гьеб бихьарав ва бичIчIарав рукъалъул хважаин Халилица ццинги бахъун гьикъула Ширинида:

– Ле, Ширин, дуа маарухъ гимищ бехьри? (Дуда магIарухъ гамущ бихьарабищ?)

– БихьичIо, – йилан абула Ширинница.

– Хъазал рихьаралищ?

– РукIунаро дора ганцалги хъазалги.

– БитIараб буго, сухьмахъалда тарани, кьурулъа гъоркье гирун уна доб гамущ. Хъазазухъаги бажаруларо дора рилълъун, хIухьел гIечIого, гIодорги речIчIун хола. Гьел рукIуна гьанир гIодор, хIарщулъги гиргахъдун, щваращвараб чороклъиги кун. Дора рукIуна рорхатал кьурабалъан рекерун кIанцIун бажарулел мугIрул бисал, берци-берцинал тIугьдулги кванан, гIазул мугIрузул тIогьисан дунялалъухъ ралагьун. Дора зодир роржахъуна эркенал, къадруял, чIухIарал цIумал. ГIадада ун вукIун вуго мун магIарухъе. Дур бакI гуро доб. Дур бакI буго гьаниб, ганщаздаги хъазаздаги аскIоб. Гьединлъидал, мун мугIрузда гIумру тIамулел бисазеги, цIумазеги, гIадамазеги къимат кьезе лъугьунге, – йилан абула гьесда Халилица. Щирин вуцIцIун чIола. КIудада цIакъ разилъула магIарулал гIодорегIан гьаризе лъугьарасе гьудулас кьураб гIакъилаб жавабалдаса.

Гьеб лъугьа-бахъиналдаса хадуб нижер доба, шагьаралдаса яги ЦIоралдаса рачIун магIарулазул гIумру-яшав какизе лъугьарал чагIазда, "Дуа маарухъ гимищ бехьри?" (Дуда магIарухъ гамущ бихьанищ?), – илан гьикъула. Гьеб буго нуж гIадал чагIаз гIумру гьабулеб бакI гурин магIаруллъийилан абулеб жо.



# Дир рекӀелъ буго Палестина…

РикӀкӀадаб, амма гӀагараб Палестина. Хвелал, гӀазабал, къисматал. ХӀехьезе кӀвеялдаса арал, рекӀеда къалел, дунялалъулго мухбираз щибго ургъел гьечӀеб гӀадин рихьизарулел Гъазаялъул гӀисинал лъимал, херал чагӀи ва руччаби гӀазабалда чӀваялъул суратал.

### ДАГЪИСТАН: ГЬОБОЛЛЪИЯЛЪУЛ КЪАНУНАЗДА РЕКЪОН

ГӀизраилалъул ЦАХАЛалъ гурхӀел тун, ишан босун кьвагьулеб буго жаниб гӀадамаз гӀумру гьабулеб минабазде, аскарал ва ХАМАС гьечӀел, гӀицӀго ракълилаб гӀумру гьабулел гӀадамал ругел бакӀазде. ТӀаде гӀарада бан, чӀагояб бакӀ ракьалда течӀого.

Цогиял улкабазго гӀадин, Россиялъги кӀудияб кумек гьабулеб буго Палестинаялъе, гьениб бугеб захӀматаб хӀалги бихьун. Гьай-гьай Гъазаялда бугеб ахӀвал-хӀалалъ рахӀат хвезабурал дагъистаниязги хӀаракат бахъана гьенир ругел бусурбабазе жидедасан кӀвараб квербакъи щвезабизе. ЛьикӀ ккана Россиялъул гражданлъи бугел гӀадамазе, гьезда кӀвана Египеталъул гӀорхъи бахине. Россиялъул Миноборонаялъ ва дипкорпусалъ гьел, рохалилаб хинлъигун къабул гьаруна. Амма жал цӀадулаб Гъазаялдаса рорчӀаразул гьурмалъ рохел загьирлъулеб букӀинчӀо, жидер гьенир хутӀарал гӀагарал-божарал рукӀиналъ. Дагъистаналъги, умумуздасанго бачӀараб гьоболлъиялъул къануназда рекъон, хӀурматалда къабул гьаруна Палестиналдаса рачӀарал. Ракълилаб Дагъистаналъ жал къабул гьарураб хинлъиялъ, гӀемерисезул бадиб бихьулеб букӀана рохалилаб магӀу.

– Бицун хӀал кӀолареб асар гьабуна рекӀее дагъистанияз нижее гьабураб гьоболлъиялъ, – абун бицунеб буго Хамоуда Хазем Мохамедица. Гьесда цадахъ Дагъистаналде рачӀана гьесул хъизан Хамоуда Интисар Абед, яс Хамоуда Фуад Хазем, вас Хамоуда Абделрахман Хазем.

Дагъабниги рекІее рахІат щванин ккараб гьесул хъизан-лъималаз бицунеб буго нахъа тараб кьвагьа – гІанхъи ва тІаде ралел гІарадаби цебе тІамулеб букІиналъул.

Мохамед вуго врач. ЦІакъ лъикІ лъала гьесда гІурус мацІ. Гьес, жиндир заманалда, гІелмияб кандидатлъиялъул диссертация цІунана Н.Н. Пироговасул цІаралда бугеб ортопедиялъул ва травматологиялъул Миллияб медицинаялъул ва цІех-рехалъул централда. Гьанжеги жиндирго хІалтІи гьабизе гъираялда вугев Мохамедица махсаро гьабун абулеб буго, жив харж гьечІогоцин хІалтІизе хІадурав вугин.

– Нуж бицун боржиларо, Дагъистаналде щвегун нижее гьабураб дандчІваялъ, бидулъго бугеб вацлъиялъ рекІее гьабураб асаралъул. Ниж, Палестинаялъул студентаз, жиндир заманалда Россиялъул медвузазда цІалулаго рачана гьаниса руччаби. Гьедин гІемерисезул руго журарал ригьнал, щивасда лъикІ лъала Россиялъул культура ва гІадатал. Жакъаги ниж Аллагьасул хъваялда рекъон къисматалъ рачана Россиялде – нижер ватІаналде. Амма нижер тарихияб ВатІан – цІадулаб Палестина, гьенир хутІарал гІага-божарал, ракьцоял бусурбаби – гьеле нижер щивасул рекІел рахІатхвейги, бадиб хулулеб магІуги. Мохамедица бицунеб буго тІоцебесеб иргаялда жидее щвараб медицинаялъул хал-шал гьаби ва щивасе чара гьечІого къваригІараб дару-сабабалъул. РакІ-ракІалъулаб баркала кьолеб буго Россиялъул Президент В. Путинние, пачалихъалъул ва республикаялъул тІадчагІазе, чара гьечІел лъугьа-бахъиназул министерствоялъе.

### «ДЕЛЬФИН» – РАКЪЛИЛАБ ТЕРРИТОРИЯ

– Гьаниб, «Дельфин» базаялда нижее чІезарун руго парахатаб хІалхьиялъе данде кколел киналго шартІал: тІагІамаб квен, гьуинлъи, пихъ-мичІ, гьоркьоса къотІичІого, батІи-батІиял организацияз битІун бачІунеб. Хасаб квербакъи гьабулеб буго МахІачхъалаялъул Киров районалъ, СалихІ СагІидовасул бетІерлъиялда гъоркь. Палестинаялъулаз баркала загьир гьабулеб буго Киров районалъул администрациялъул хъулухъишазе нухмалъи гьабулей ПатІимат Зайдиевалъе, кутакалда тІадчІун нижер хІажатал тІу-



ралел ругел «Дельфиналъул» киналго хIалтIухъабазе.

Палестинаялъулазе кIудияб гъираялда бокьула дагъистаниялгун гара-чIваризе. Гьадинаб хинаб бербалагьигIан жидее хIажатаб жо щибго гьечIолъи бичIчIизабуна гьез. Палестинаялъулал жанир ругеб пансионаталъул директор Ибрагьим ГIалиевас загьир гьабулеб буго жеги тIаде гьалбал къабул гьарун, гьезул рукIа-рахъиналъе кIваригIараб щинаб чIчIезабизе хIадурав вукIин. Гьес бицунеб буго, базаялда палестиназул щибаб хъизамалъе бихьизабун букIин жинди-жиндир рукъ. Лъималазул омбутсмен Марина Ежоваль жиндирго хасаб бербалагьиялда гъоркь, парахатаб рукIа-рахъин чIезабун буго пастинаялъул лъималазе. Гьел гьитIичазул къисматалъул ургъел-агъаз бугей гьей, щибаб къойилго гIадин ячIуна гьение.

«Жидер гIумрудул нухда гIемер къварилъиги гIазабги нахъе тарал гIадамазе кумек гьабизе буго цIияб гIумру байбихьизе – цIализе, хIалтIи балагьизе. Нилъер улка кидаго хIадураб букIана ва буго къваригIаралъуб кумек гьабизе. Дагъистаналда Палестинаялдаса рачIарал гьалбадерие гьабулеб буго хинаб бербалагьи. Гьезие хIажатаб щинаб тIубаялъул суал тIаде босулеб буго дица», – ян абулеб буго республикаялъул бетIер С. Меликовас. Гьел рагIаби рукIине ккела нелъее киназего мисалияллъун, – ан бицунеб буго М.Ежоваль. ТIоцере гьел рукIана 50-гIан чи, гьабсагIаталда гьезул къадар бахуна 200-гIан чиясде.

– Нижер, Палестиназул гIумрудул нух кидаго букIана захIматаб. Жакъа къоялъ Палестинаялда бугеб гьаб лъугьа-бахьин буго рагъ, ниж тIагIинаризе къваригIараб, – ан байбихьана Мохаммедица. АнцIазаргоялдаса цIикIкIун лъимер хвана, азаргогIан хутIана риххел-чIунтелазда гъоркь. Дагъистаналъе кIудияб баркала ниж гьадин къабул гьаруралъухъ. Дун цIалана Болгариялда, Россиялда. Россиялда цIалулев вугевгIан мехалъ дир лъугьана гIемер гьудул-гьалмагълъи, гьезулгун хурхен тIагIун букIинчIо, – ян бицунеб буго Хамоуда Хазем Мохаммедица. – Дунги дир хъизан-агьлуги гIумру гьабун рукIана Сектор Гъазаялда. Заведующийлъун хIалтIулев вукIана Гъазаялъул Джабаль больницаялъул травматологиялъул отделениялда. Бидулаб лъугьа-бахьин байбихьигун, льукъаразул тIелал рачун рачIунел рукIана. Гьезул гIумру хвасар гьабулаго, дунгоги вукIана лъукъун. Гьедин дир хъизан ккана бидулаб Гъазаялъул бакъулъе. Гьеб ахIвал - хIалалъ рахIат хварай лъади Интисарие бокьана Россиялде нух бахъизе. Гьедин, Россиялъул посольствоялъул кумекалдалъун рачIана ракълилаб ракъалде.

Сабурай Интисарица калам гIемер гьабичIо жиндир хъизаналъе хIажатаб чIезабиялъухъ баркала загьир гьаби гуреб..

## БУКIИНЕСЕБ РОССИЯГУН

– Гьава-бакъ рекъараб, рокьул цIурал ракIазул гIадамал жанир ругеб Дагъистан лъугьана нижее рукълъун, – ан абулеб буго рос-чIужуялъ. Умумуздасанго бачIараб мацIги, динги, гIадаталги цIунарал дагъистаниял жидее гIагараб гIурус мацI бицунеллъун рати цIакъ рекIее гIун бугоан гьезие. НекIсияб Дербент, церегосел, гIасрабаца тарих цIунарал росаби – гьеб киналъулъго жидерго ВатIан бихьиялъул бицунеб буго гьез. ЦIадулаб ВатIан тун Россиялде рорчIи гуребги, хIалтIи щвеялъе бугеб хьулалъулги бицана.

– Дуда кин бихьулеб Палестинаялъул букIинисеб? – абураб суалалъе гьес жаваб гьабуна. – I947 соналъго ООН-алъул Генералияб Ассамблеялъ хIукму гьабуна Палестина 2 пачалихъалде бикьизе – жугьутIазул ва гIарабазул. Нахъисеб соналъго ГIизраил жибго жинтIаго чIеялъул Деклорациялда гъулбас гьабуна. Гьедин, дунялалъул картаялда баккана ГIизраил абураб жугьтIазул хIукумат. Гьелъул хIасилалда нахъисеб къоялъго байбихъана гIарабазулги гIизраилазулги рагъ. I,4 мл Палестиназда гьоркьоса 800 азарго чи, хIал гьабун, жидерго ракьалдаса къватIире гъуна. Гьеб заманалъ гIарабазул хIукуматалги рекъон гIуцIцIун букIана ООП (организация освобождения Палестины), гьелъги щибго хIасил кьечIо. 90-лел соназ ГIизраилалъ разилъи кьуна Палестинаялъул администрациялъе жидер цо-цо бакIазда кверщел гьабизе тезе. Амма гьел заманалъул къотIикъаяз Иордан гIурул бакътIерхьул рахъалдаги Сектор Гъазаялдаги гьоркьоб рекъел ккечIо.

– ГIараб хIукуматазе рагъ къваригIун гьечIо, – ян абулеб буго Хамоуда Хазем Мохаммедица. Амма Америкаялъ хIалбихьулеб буго жеги цIикIкIун улкаби рагъулъе цIазе. Гьединго рази гьечIолъи бихьизабулеб буго дунялалъго, хасго бусурбабазда гьоркьоб. Россиялда кIола, Аллагьасул кумекалдалъун, дир ВатIаналъе кумек гьабизе: ракълилаб гьоркьоблъи чIезабизе, Палестинаялъе хIажатаб щинаб чIезабизе, цIиял минаби разе ва бищунго аслияб – Палестина цолъараб, эркенаб пачалихъ лъугьинабизе. Гьеб буго дир халкъалъул анищ...

**ГIайшат ТАЖУДИНОВА**

# Рокьиги къвекьмаххги



Дир, халатабго гуреб, анцIиламикьго сонил гIумруялъул аслияб анищ букIана геологлъун яхъине. ЦIаял, чадрал, гитараялда гъоркь ахIулел кучIдул… ЛъугIел гьечIеб романтика бугин гьеб гIумруйилан кколеб букIана дида.

Щибаб ганчIилъ бихьулаан дида цо кинабалиго гIасрабазул балъголъи, цо-цо дицагоги ургъулаан гьезул хIакъалъулъ гIажаибал маргьаби. ГIенеккизе инкар гьабичIезе, киназего рицунаан дица гьел. Росдада сверун яхинчIеб мегIерги, лъугьинчIеб кIкIалги тун букIинчIо дица, ганчIазде свeрарал ралъдал рухIчIаголъаби яги тIамхазул мугъру тIад чIварал ганчIал ралагьулей. Цадахъ мадугьаллъи-къоноялъул лъималги рачунаан.

Цо-цо щвезеги щолаан нижее эбел-инсудасан! Дие кIицIул цIикIкIун щолаан, киналъулго бетIер хIисабалда. Лъугьа-бахъиназул литератураги цIалун, ниж гаражазда нахъа данделъулаан, балъго хIадурулеб, букIинесеб геологиялъул экспедиция дандбазе.

Риидал жиндирго ПатIинакIодохъе Белоруссиялдаса вачIарав Сережаца цо къоялъ абуна, геологал мугжул халатал чагIи рукIунила, мугжул гьечIел геологал геологал гурила, гьадингосел къватIул жуликIал ругилан.

Нижеда гьоркьой бищун гьитIинай, анцIго сон барай ЗузукIица бицана кин гьеб масъала тIубалебали: щибаб къойил кIкIвазеги кIкIван гIакдал нах бахине кколилан малъана гьурмада. Гьедин гьабулеб букIун буго гьелъул эбелалъ, ясазул гъалал хехго ва ризго рижизе, рижулелги рукIун руго.

Ниж рукIана ракIчIарав 8 «геолог», анцIгоялдаса анцIила кIигоялде щвезегIан ригьалъул: лъабго яс ва щуго вас. Щибаб къойил, балъго ва махщел гьечIого кIкIварал гьурмалги рукIунаан нижер хъарс-хъарсун, тIад гIакдал нахги бахун, кенчIелел. ЦIекIлъараб нахул махIги букIунаан нижедаса.

Кинабго нижер хIаракат цIакъ балъго цIунунбукIана, цо къоялъ эбелалда ЗузукI гьумер кIкIвалей ятизегIан.

Шумай ункъачул нуцIида нахъа, хIурматияб бакIалда, кидаго букIунаан хьоп. Гьелъул цIар бахъарабго кигIан гIенеккуларелги лъимал, лапан гIодоре руссунаан. Гьаб нухалъги гьеб хьопалъ жиндирго хIалтIи гьабураб кин бугоха – ЗузукIица нижер банда, балъголъабигун цадахъ, майилан кьун батана эбелалъухъе.

Бащдаб сагIаталдасан азбаралъуб киназдаго лъалеб букIана сараязда нахъа рукIарал нижер балъгоял бакIал ва гьениса къватIире рахъун рачIана: дир инсул, гьес балагьулеб букIараб, гьитIинаб квартIа ва магIал рахъулеб жо; эбелалдаги лъачIого Камалудиница жидерго азбаралдаса къотIун бачIараб, чурарал жал тIамулеб квар; Сережал кIодоца гIака бухьунеб букIараб бицатаб, кьурараб квар; гьелъул кумекалдалъун Къубраца нижее экспедициялда квенал гьаризе букIараб, кIудияб кванил рецептал хъвараб тIехь; ва гIемераб мехалъ цIунунилан холарел: спичкаби, цIам, чакар. Чакарги тIубан цIунцIарабазул цIун бугоан.

ТIубараб азбарго букIана нижеда тIад белъулеб.

Дунги, тIоцебесеб нухалъ, лъикI юхана кидаго гIадин гIодое йиччарай, сабурай эбелалъ…

Ниж цIакъ гIодоре руссун рукIана ва, гьабуралдаса ракI бухIун рукIин бихьизе гIадин, къоялда жаниб нусго нухалъ рорчIами кьолаан чIахIиязе.

Мугжулги нижеда рижичIо, ясазда рижизего рижичIо. Васазулни рижун ратиларищха, заман щведал.

* * *

Школа лъугІигун дун цІализе ана, вацги гьенив цІалулев вукІун, Ленинградалде. Дида кьварун лъазабун букІана геологал рахъунеб институтазул рахъалдехунцин ялагъугейилан. Гьединлъидал дун ЛГУ-ялъул геологияб факультеталде лъугьана).

БитІараб бицани, цІалулейги дун йикІана хІалицаго, дие мухІканал гІелмаби киданиги рокьулароан. Амма цІали рагІалде бахъинабизе бокьун букІана, хІалица дида тІаса лъугьарал эбел-инсул цІидасан щцин бахъинчІого букІине.

Щуабилеб курсалда, Кировкаялда цІалулей студентка Киралгун лъай-хъвайги гьабун, дун тІубан унтана ххамаз. Ххамил фактура, дизайн, бессулеб къагІида, белъунеб куц – киналъго дун хІайран гьаюн йикІана. ХІалицаго университеги лъугІизабун, дун Кировкаялде лъугьана цІализе. Эбел-инсул рохелалъеги гІорхъирахъ букІинчІо: гьанжегІаги геологасул квартІаги гІодобе рехун, ясалъ унго-унояб руччабазул алат – кІвекьмахх кодобе босилилан. Эбелалъ, хирияб, Турциялдаса бачІараб кІвекьмаххгицин босула дие. Цо Ленинградалде унев вукІарав мадугьалалъул гІагарав чиясда гьарула гьеб дихъе щвезабейилан.

ВачІуна, кьола ва рокьи ккола…

ТІаде балагьун цІакъ кьварарав чийилан кколев вукІаниги, кІалъазе «курьер» гІезегІан махсаро-хочІги бичІчІулев, интересав чи ватана. ТІубараб гІумуруялъ елъун йикІун ятиларо дун гьеса цадахъ гІадин.

Ункъо соналъ дандчІвалан ниж. Я дов Ленинградалде вачІаравго, яги дун МахІачхъалаялде ячІарайго. Гьев вукІана кинабго гІамалалъул рахъалъ дие данде кколев чи. Цоцазда лъан щуабилеб соналъ, гьесул ва дир рахъалъан гІагарлъиялъулгун захІмалъабиги къинарун, ниж данделъана. Рос дие кидаго лъикІав, хІеренав вукІана. Дунги, дой ракІалде ккараб жо гьабичІого чІоларей ясалдаса, недегьай ва гІодое йиччарай чІужуялде сверана. Гьеб диего гІажаиблъилъун букІана.ТІадежоялъе, щакдарулейги ятана дун.

* * *

Дица ретІел лъикІ букъулаан.

Цо нухалъ однокурсницаялъ Канадаялдаса дие цІакъ берцинаб бецІхъахІилаб шалил ххам бачІана. Дида ракІалде ккана гьелъул росасе костюм букъизе – бахъун чІараб габурсвериги бугеб, пиджакги тІажуги – доб заманалъул мода.

КъваригІанщинабги босун, дун кІиго анкьалъ тІаса яхъинчІого гьелда тІад хІалтІана. ТІадеги анцІго къо ана данде кколел маргъалал ратуларогоги. ТалихІалъ гьелги ратана – гІарцул, тІад цІиркъил гьумерги бахъарал. Берцинаб костюм лъугьана, росасеги цІакъ бокьана.

Дол соназ рос Сулахъалда лъел милициялда хІалтІилев вукІана. Квачарал февралалъул къоял рукІаниги, гьев цІияб костюмги ретІун ана хІалтІуде. Цо кинабалиго «ЧПги» ккун, чанго къоялъ гьев гьенив хутІана. Данделъаралдаса гьебгощинаб заманаялъ ниж жеги ратІалъун рукІинчІо ва дун чІалгІун йикІана. Ункъабилеб къоялъ гьев кІалъана, къасиги жив вачІун бажаруларилан ва, дир гьаракьалъулъ пашманлъиги рагІун, метер радал мунго щай дихъе ячІунарейилан абуна.

* * *

Поселокалде щолаго дида данде водительгун машина бачІана, ралъдалъ цІидасан «ЧП» букІиналда бан, дун цодагьайги балагьун чІезе ккезе йигилан абуна. Водительги ана, дун росасул машинаялда жаний гІодой чІун йикІана. Квачалейги йикІана, росасул кидаго цІализе жо цадахъ букІунеблъиги ракІалде щун, сидениялде реххараб гьесул цІияб костюм букІкІинаредухъ, тІехьниги балагьизеян, багажникалъуе яккана. Гьениса хІул-



хIулараб Драйзерил романги босун, гьеб рагьулаго, бортун бачIана цо кверальъ хъвараб кагъат. Бищун цебе бер речIчIана «дун лъимаде йиго…» йилан хъварал рагIабазде. Гьанже гьеб цIаличIого чIезе лъидаха кIолеб? ХIасил-калам гьениб хъван бугоан: ИсмагIил, мун хIалихьат вугила, жий лъимаде йигила, амма дуца лъимералдаса инкар гьабулеб бугони, «дур доб рокъоб бугеб гIантаб гIанкIуялда» кинабго лъазе бугила...

ИсмагIил букIана дир росасул паспорталде бугеб цIар. ГьитIинаб мехалъ гьев унтидал, эбел-инсуца МухIамадиланги хисун, документазда гьединго хутIараб.

Ккараб-таралъул хIисаб гьабизе дун рекIеде ячIиндал, гьаб кинабго дунял дида тIаде бегун бачIунеб батана. Дунялалдасаго ракI буссин сверана гIассияб гIодиялде, хадуб дунял биххулеб ццидаде. Дир гIакълуялъул тIиналдаса къватIире рачIунел рукIана, дида рукIинцин лъаларел рукIарал квешал хьамиялъул рагIаби.

ТIоцебесеб пикру букIана машинаялда цIа гъезе, кIиабилеб – бажаранщинаб гъуризе. Цо щиб букIаниги бакIаб жо балагьизе багажникалъуе яккулаго, бер речIчIана доб дицаго букъараб костюмалда. Гьеб мехалъ лъана дида гьабизе кколеб.

Дица тIажу бигьаго цабзаз тIутIун бана. Амма костюм гьедин тIутIузе бажаричIо. Гьеб мехалъ ракIалде щвана дир сумкаялъуб, рекIинаризейилан цадахъ босараб, кIвекьмахх букIин.

Чанго минуталда жаниб дир моцIил хIаракат рихъ-рихъарал чIартил кесказде сверана. «Унго бихьуларищха, – йилан пикру гьабуна дица, – гьаб кIвекьмаххалдасан кинабго байги бихьана, гьалдалъун лъугIизеги лъугIана…» Гьедин, цIорораб машинаялда жаний, дунялалдасаго рокьиги бичун, кигIан заманалъ дунго йикIараяли дида ракIалда гьечIо…

* * *

БецIаб росдал къватI кьалъизабуна тIаде щвараб УАЗикалъул фарабаз. Гьенисан къватIиве кIанцIун вачIана, цодагьалъ цевеги дир хирияв рослъун вукIарав, чи. Гьеб костюмги босун дида хадуй ячIайилан дидеги ахIун, гьениб букIараб минаялде жаниве тIерхьана гьев.

Цодагьай лъалхъун, дун гьеса хадуй йилъана.

ТIубан виччарав гьев вугоан, токалъул радиаторалда къвалги бан, рукъ бакьулъ чIун. Гьесдаса чваххун бачIараб лъеца гIодоб чIабар биччун бугоан. Квачаялъ цоцалъ кьабгIолаго цабигун, тIадруссун рачIунаго жидер раса беганила ральдалълъилан бицана гьес, хIалица бажаранила гьениса къватIире рахъун…

Ккезе бахъараб къварилъиялъ гIассиго хIинкъарай дун, гьесул лъимаде йигей гьудулалдасаги, рукIине рес бугел анцIго-къого лъималаздасаги, «гIантаб гIанкIуялдасаги» хехго тIаса лъугьана.

– КостюмгIаги кье ретIине, киб бугебали, –йилан абуна гьес, цоцалъ кьабулел цабзазда гъорлъан.

Дун цин цIа-кан бахун, цинги цIорон, хадубги цIа бачIун лъугьана…

«Гьанже ав унтила ва хвела… гьелъул гIайибги дитIа букIина!» – ян паркъана ботIролъ пикру.

– ИсмагIил, дир машинаялльуса костюм босун вачIа, – йилан абуна гьес цадахъ вукIарав, тIад бакъвараб ретIел ретIун бахъарав, цогидасда.

– ГIимраныч, дида гьаб гурони батичIо, – гьесул кверазда далун рукIана бецIхъахIилал чIартил кескал ва квешезего гIадин зенгъолел рукIана гIарцул цIиркъал.

Росасул гьурмахъ балагьун бичIчIана дида, кигIан вахIшиял гIазабазги тIамизе гьечIо дун гьеб иш дица гьабунилан бицине.

ИсмагIил ана бакъвараб ретIел балагьизе ва ниж нижго хутIана.

– Дуцайищ…? – илан гьикъана гьес, гургин гьарун бералгун, гIажаибаб гьаракьалъ.

– Уу… – йилан чIана дун, тIиртIирун кIалги къан бералги къанщун. Циндаго дир гьесда ракI гурхIана, дицаго гьабуралдаса ракI бухIана ва гIод-гIодун биччан тана.

– Гьа, гьодуге… ккараб жониги бице.

Чваххулеб магIуги бацIинчIого, дица гьесухъе бегьана доб баракат бахъараб кагъат.

– Лее, дур рельъи гьадаб аскIоб бугеб къотIнобецин рагIулеб буго!– йилан къвал цIун ретIелги босун, жаниве вачIана ИсмагIил.

– Жакъа дуца дун цин гъанкъизавизе дагьалъ хутIана, гьанже чIужугун ватIа гьавизеги зарра хутIана, рагIа-ракьанде щвечIев Камалил Башир! БухIе гьадаб дурго библиотека! Лъадуда щиб букIаниги цIализе ракIалде ккелалде, – йилан росас гьесухъе бегьана кагъат.

– Огь… дида гьаб балагьичIеб бакI течIо, чIужу тIаде ккелилан хIинкъун вукIана….

Нечарав ИсмагIилица бихь-бихьун бана кагъат.

Гьеб букIана нижер тIоцебесеб рагъ-кьал. БитIараб бицани, дир. Росас цониги рагIи абичIелъул дида. Амма гьелдасаа нахъе, махсаройищ уябищ лъаларо, гIассияй гIадан йиго мунилан абула гьес цо-цо дида.

Гьевги малаик гуро. ГIамал-хасиятги бигьаяб гьечIо. Амма цониги нухалъ я жиндилъ, я дилъго дун щаклъизе течIо гьес. Цо-цо мехалъ ккола чIвалаанхайилан, амма гIемерисеб мехалъ вокьула. Унго-унгояв бихьинчи вукIиналъухъ – бахIарчияв ва сахаватав. РакI рагьарав, квер гIатIидав вукIиналъухъ. Машинаялда цIа гъезегIанги ццин бахьаниги, дир вукIиналъухъ.

**P.S.** Хасаб ва даимаб баркала кIвекьмаххалъе, дир гIумру тIубанго лъутIа-къотIаралъухъ.

**Бика АЛХАСОВА**

**Женщина Дагестана**
**2/2024**
**На аварском языке**
**Учредитель:**
Агентство информации и печати Республики Дагестан.
**Главный редактор**
Х. А. ШАМИЛОВА
e-mail: J-dag@mail.ru
**Редакционная коллегия:**
**заместитель главного редактора**
С. Х. БУЛГАЕВА
**ответственный секретарь**
Н. М. КЕРИМОВА
**редактор русского выпуска**
Г. Х. АСАДУЛАЕВА
**редактор аварского выпуска**
Б. Ш. МУХИДИНОВА
bahu4y@mail.ru
**редактор даргинского выпуска**
П. Г. ВАГИДОВА
**редактор кумыкского выпуска**
П. Х. ХАЙБУЛЛАЕВА
**редактор лезгинского выпуска**
Н. Н. ИБРАГИМОВА
e-mail: shikhnabieva1981@mail.ru
**редактор лакского выпуска**
А. Ю. АБДУРАХМАНОВА
e-mail: delia25@mail.ru
**редактор табасаранского выпуска**
С. М. ИСРАФИЛОВА
**Корреспонденты:**
А. ТАЖУДИНОВА,
В. РАТЕНКОВА.
**Заведующий редакцией**
С. М. ГАМЗАТОВА
**Художественный редактор**
Г. А. КУРБАН-АДАМОВА,
e-mail: guleymat@mail.ru
**Адрес редакции и издателя:**
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
e-mail: j-dag@mail.ru
**Журнал отпечатан в типографии:**
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
**Телефоны редакции:**
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.
**Официальный сайт журнала «Женщина Дагестана»: женщинадагестана.рф**
Дата выхода в свет 17.04.2024 г.
Формат бумаги 60 х 841/8.
Объем: 5,5 печ. л.
Заказ № 0401. Тираж (3418) 594 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г. Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.
**На обложках:**
I – Аида Акавова, предприниматель, благотворитель, общественный деятель;
II – Работа И. Хумаева;
III, IV. – Работы М.-К.М. Юнусилау.



# ГIагараб ракьалъул кочIохъан

ГIалибег Тахо-Годил цIаралда бугеб Миллияб музеялда тIобитIана «МухIамад Юнусилав. ГIагараб ракьалъул кочIохъан» абураб ретроспективиябгун персоналияб цебелъей. Экспозициялда гъорлъ рукIана Миллияб музеялъул ва Дагъистаналъул сурат бахъун бихьизабулеб искусствоялъул музеялъул нахърателасдаса хIалтIаби. Абизе бегьула, гьеб букIанила машгьурав художникасул творческиял хIалтIабазул тIоцебесеб тIубараб цебелъейилан.

ГIемерисел гьеб коллекциялда руго, I932 соналъ Дагъистаналъул мугIруздасан араб, цIар рагIараб литературиябгун художествияб «Культсанштурм» абураб экспедициялъул суратал. Гьеб экспедициялда цадахъ рукIана художникал М. Юнусилав, М. Джемал, Ю. Моллаев, шагIир А. Аджаматов, хъвадарухъан Р. Фатуев.

Художникасул кинабниги кIиго цебелъей букIана – цо I967 соналъ, цогидаб I977 соналъ. ГIемерал саназ гьесул творчество, музеязда лъурал чанго живописалъул ва графикаялъул суратаздалъун гурони, бихьизабун букIинчIо. Художник хIисабалда Юнусилав гIадамазе, я музеяз, я художниказул Союзалъ, я искусствоведаз рагьун вукIинчIо. Гьесул педагогикияб хIалтIулги кибниги я бицун, я хъван гьечIо.

ГIемерал соназ, I937 соналдаса нахъе гьес цадахъго бачунеб букIана педагогикияб хIалтIиги. ХIалтIулаан жалго жидедаго чIарал художникалгунги, гьел пленэралде щвезаризеги унаан, изостудиялъе нухмалъиги гьабулаан. Гьес лъимал хIадурулаан художествиял цIалулел бакIазде лъугьине ва живго гьел Тифлисалде художествоялъул Академиялде щвезаризеги унаан. Херлъараб мехалъги, кигIан регIичIого вукIаниги, гьесда батулаан, кумек яги гIакълу гьарун аскIове вачIанщинав чиясе, заман. ГьабсагIат Дагъистаналда къанагIатги ватуларо художник, гьитIинаб мехалъ Юнусиласул изостудиялда цIаличIев: Салават, Салаватов, ГIабид ГIазизов, Каир Юнусилав, вацал Сунгуровал, Башир Увайсов, ХIажимурад ГIалиханов ва гIемерал цогидал.

Миллияб музеялда букIараб Юнусиласул цебелъеялъ нилъее гьесул творчествоялъул гуребги бицана. Гьеб лъугьана, бищун дагьаб гурони нилъеда лъалареб, бищун захIматал ва ригьарал I920-I930 соназул искусствоялъул тарих лъазабизе иццлъун.

Музеялда ракIарун рукIана 300-ялдасги цIикIкIун авторасул суратал: графика, живопись, станокалда ва пленэралда хIалтIаби, тIахьазе иллюстрациял, карикатураби, шаржал. Музеялъ гьесул фотохIалтIабиги ралагьилилан божи буго – жигаралда рахъулаан гьес фотосураталги.

ТIоцебесеб залалда рукIана Юнусиласул бищунго машгьурал хIалтIаби: «Рокъов МахIмуд», «Сибиралде нухда Ирчи Хъазахъ»… Юнусилав гIуна МахIмудил ва Хъазахъил асаразда. Гьесул инсул гьудуллъи букIана МахIмудилгун. Художникасдаги гьев лъалаан ва гьесул кучIдул цIалулаан магIарул ва лъарагI мацIалда. Коллекциялда гьес рахъарал хъвадарухъабазул ва шагIирзабазул суратазул серияги буго. Гьаб экспозициялъул магIнаго букIана, киналниги Юнусиласул хIалтIабиги къватIире рахъун, халкъалда гьесул махщалил бицин ва бихьи.

Хадусеб зал гьев лъалел профессионалазецин букIана цIияб жолъун. Гьениб цебе лъун букIана карикатурабазул серия. ЗахIматал 30-лел соназ, халкъалда гъорлъ бильлъараб пикруялъухъ ва стереотипазухъ гIенеккичIого, гьес живго вихьизавуна живписец хIисабалда гурев, карикатуристлъунги. Гьесие кIвар бугеблъун букIана жамгIияталъул гIунгутIаби къватIир чIвазаризе. Юнусилав цIалана советияб школалда. Гьениб гьесие битIккана – учительзаби рукIана лъай бугел ва гьесул сурат бахъизе бугеб махщалие квербакъулел. Инсуцайин абуни биччалеб букIинчIо сурат бахъизе, гьелъухъ бокьовцин тIамун вукIана. Чанго сагIаталдасан, къватIиве виччазейилан гьениве ваккигун, инсуда киналго бокьалъул къадазда тIорччоца суратал рахъун ратула васас.

Фойеялда рукIарал суратазги гIажаиблъизаруна гIемерисел. Гьениб цебе лъун букIана «Унеб бугеб Дагъистан» серия, МухIамад Хуршиловасул «Сулахъалъ нугIлъи гьабула» тIехьалъе рахъун рукIарал иллюстрациял, цогидал тIахьазе жилдал, рахьдал мацIалъул тIахьазе иллюстрациял, гьединго, художникасул вас Каирил суратал.

**ХIадурана**
**Наида КЕРИМОВАЛЪ**



Юнусилау М.-К.М. (1907–1975) Ирчи-Казак, холст, масло, 52х86 см



Юнусилау М.-К.М. (1907–1975) Махмуд в сакле, 1958 г. холст, масло, 88х110 см



Юнусилау К.-М. М. Полдень, 1989 г., картон, масло, 47х42 см, КП-12638, Ж-664

ИНДЕКС ПМ803
6+
Цена свободная
4 651116 280082